**Зыщ ди блэкlари, зыуэ щрет ди къэкlуэнури!**

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№58 (24.340) • 2022 гъэм накъыгъэм (майм) и 21, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

# КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Кавказ зауэм хэкIуэда Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу цIыхухэм зэрызахуигъазэр

Си лъэпкъэгъу лъапIэхэ!

Нобэ, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 158-рэ щрикъум, ди щхьэр яхудогъэщхъ адыгэ лъэпкъым и тхыдэм къыхэщыж Iуэхугъуэ нэхъ гуузхэм ящыщым, лъыгъажэ гуащIэм хэкIуэдахэм.

Зэман блэкIам къэралыгъуэшхуэхэм я зэпэщIэувэныгъэм къыхэкIыу адыгэхэм я щхьэм кърикIуа насыпыншагъэм, нэхъыбэм Хэкур ябгынэн хуей зэрыхъуам ноби ди гур егъэуз.

БлэкIам дыщыхуеплъэкIыжкIэ, ди япэ итахэм я Iущыгъэм, гугъуехьу хъуам ахэр къэмылэнджэжу зэрыпэщIэтыфам и мыхьэнэр зыхыдощIэ. Нэхъыщхьэращи, абыхэм яхузэфIэкIащ адыгэхэр лъэпкъыу къызэтрагъэнэну, къэкIуэну щIэблэхэм Хэкур хуахъумэну.

Зэманым ахэр зэпещIэ. Нобэ адыгэхэм я бзэ, я хабзэ, я щэнхабзэ яхъумауэ къогъуэгурыкIуэ, социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтащ икIи лъэпкъ куэду зэхэт Урысейм щыщу я къэкIуэнур яухуэ.

Си фIэщ мэхъу Хэкум хуэпэжу ди лъэпкъыр къызэрекIуэкIар сыт щыгъуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъуну, лъэпкъыр ефIэкIуэнымкIэ щапхъэу щытыну.

Узыншагъэ быдэ фиIэу, бэIутIэIуншэу Тхьэм фигъэпсэу!



# Лъэпкъыр къызэфІэщІакъым

**Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 158-рэ ирикъуащ. Ар тхыдэм къыхэнащ лъыгъажэ мыухыжкІэ гъэнщІа къэхъугъэ бзаджэу. ИлъэсищэкІэ екІуэкІа зауэр зэрыувыІэрэ куэд щІами, абы лъэпкъым кърихьа уІэгъэр нобэр къыздэсым кІыжакъым. А гуІэгъуэшхуэм уздегупсысс къудейм уегъэтхытх, цІыху хейхэм кърахьа леймрэ гущІэгъуншагъэмрэ пхузэгъэзахуэркъым.**

КАВКАЗ зауэр адыгэхэм я дежкІэ лъапсэрыхыу къыщІэкІащ: лъэпкъым и Іыхьэ пщІанэрищ и адэжь лъахэм къинар, адрейхэр хэкІуэдащ, мэжэщІалІагъэм, щІыІэм, узым ихьащ, къэна мащІэ дыдэр дуней псом трипхъащ. ХамэщІ къыщыхута ди лъэпкъэгъухэми я щхьэ къриуІуари щІагъуэкъым: я бзэкІэ псэлъэнуи я хабзэ зэрахьэнуи зыри хуитакъым, Уэсмэн пащтыхьыгъуэм иригъэкІуэкІ зауэ кІэншэхэм егъэзыгъэкІэ Іуигъэхьэрт, я лъэр щІиудырт.

Апхуэдиз нэщІэбжьэр адыгэхэм я нэгу щІэкІа пэми, къызэфІэщІакъым, гужьгъэжь зыми яхуищІакъым, къэзыухъуреихь лъэпкъхэм ягурыІуэу ядопсэу икІи ядогъуэгурыкІуэ. И гъащІэр Урысейм ирипха нэужьи, адыгэхэр къыхаха гъуэгум хущІегъуэжакъым, хуэпэжащ. Зэманым къигъэлъэгъуащ лъэпкъыр гъуэгу захуэ зэрытеувар: адыгэхэм яхузэфІэкІащ я хэкур яхъумэжын, я бзэмрэ щэнхабзэмрэ къызэтранэн, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа Адыгэ Хабзэр хамыгъэкІуэдэжын.

Адыгэхэр жыджэру хэтщ къэрал ухуэныгъэм, абыхэм къахэкІащ щІэныгъэлІхэр, политикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ икІи жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр, дзэзешэхэр, ІэщІагъэлІхэр. ХамэщІым икъухьауэ щыпсэу адыгэхэри зыхэтхэм къахощ яхэлъ щэнхабзэ лъагэмкІэ, кърагъэз дзыхьыр зэрахъумэмкІэ, зыщыпсэу хэгъэгум зэрыхуэпэжымкІэ. Абыхэм сыт щыгъуи ІэнатІэ лъагэхэр къыхуагъэфащэ, къэрал къулыкъущІапІэхэм, дзэмрэ хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм я тету трагъэувэ.

ПщІэ зыхуэсщІ ди лъэпкъэгъу лъапІэхэ!

Дэ дыщыгъуазэщ Кавказ зауэм хьэзабрэ гугъуехьхэмрэ лъэпкъ куэдым къазэрыхуихьар, лъыгъажэрэ банэкІэ зэриудыныщІар. А насыпыншагъэ къомри лъэІэсащ урыс лъэпкъыми.

Дэ игъащІэкІэ тщыгъупщэнукъым щалъхуа лъахэм и щхьэхуитыныгъэм щІэзэуууэ зи щхьэр зауаем хэзылъхьа ди нэхъыжьыфІхэр, дигу ихунукъым Кавказ зауэм хэкІуэда дэтхэнэри, тхъумэнущ я фэеплъ нэхур. Дэ ди къалэнщ ди адэжьхэм я щхьэ кърикІуа гуауэм и пэжыр ди щІэблэм ялъэдгъэІэсыну, апхуэдэ гузэвэгъуэ къэмыхъужын папщІэ абы и дерсхэм щІэтпІыкІыну.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ноби къыкъуокІ лъэпкъхэр зэзыуштыну хущІэкъу къарухэр, зэгурымыІуэныгъэхэр къызэрыкІ псалъэ мыфэмыцхэр зезыхьэхэр. Кавказ зауэм къыдит дерсхэм ящыщщ тэмакъкІыхьыгъэ, шыІэныгъэ тхэлъу унафэ зэпэшэчахэр къэтщтэн, дунейм къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэр ди лъэпкъым къызэрылъэІэсынур зэпэтлъытэу зэрыхуейр. Лъэпкъ зэгурыІуэр щхьэузыхь зыхуэпщІ хъун щхьэусыгъуэ зыри щыІэн хуейкъым - узэгурыІуэныр, мамыр гъащІэм зэгъусэу утележьэныр, зыр адрейм и щІэгъэкъуэну сыт хуэдэ гугъуехьми пэщІэтыныр дэтхэнэ зы цІыхуми и пщэрылъ лъапІэу щытын икІи къилъытэжын хуейщ.

Аращ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми я унафэщІхэм къэралми щІыналъэми щыпсэу лъэпкъхэм я бзэр, я щэнхабзэр, я дуней тетыкІэр хъумэнымкІэ ялъэкІ къыщІамыгъанэр, хамэ щІыпІэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм щІэгъэкъуэн щІахуэхъур. Урысейр шэсыпІэ йоувэ къыдэгъуэгурыкІуэ псэкупсэ къэгъэщІыгъэ псоми я къыщхьэщыжакІуэу щытыну, дэтхэнэ лъэпкъми зихъумэжын икІи зиужьын щхьэкІэ.

БлэкІар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, тхыдэм дерс къыхэтхкІэрэщ ди къэкІуэнур убзыхуа зыщІынур. Дэтхэнэ зыри къыхузоджэ блэкІам къытхуихьа гуныкъуэгъуэр зыщыдмыгъэгъупщэу нобэ къыдэкІуэтей щІалэгъуалэр лъэпкъым хуэпэжу дгъэсэну.

Лъэпкъым апхуэдэ гузэвэгъуэ Тхьэм зэи димыгъэлъагъу!

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**,
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*



# БлэкІам и теплъэхэр

**Налшык дэт Лъэпкъ музейм иджыблагъэ къыщызэІуахащ Сочэ къалэ щыщ сурэтыщІ Іэзэ ХьэщІэмыз ФатІимэ и ІэдакъэщІэкІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.**

ФАТІИМЭ курыт еджапІэм щыщІэсым щегъэжьауэ сурэт щІыным дихьэхырт. Езыр къыщалъхуа Банэхэс къуажэ цІыкІум сурэт щІыным щыхурагъаджэртэкъыми, я гъунэгъу жылэм кІуэурэ зригъэсащ. 2001 гъэм ар щІэтІысхьащ Кубань къэрал университетым Сурэт щІынымрэ графикэмкІэ и факультетым. И диплом лэжьыгъэр «Налмэс» къэфакІуэ гуп цІэрыІуэм я афишэхэм теухуауэ щытащ.

«БлэкІам и теплъэхэр» гъэлъэгъуэныгъэм ФатІимэ ди пащхьэ къыщрехьэ лъэпкъым и щыІэкІэпсэукІэр, хабзэм и Іыхьэ щхьэхуэхэр. Бзылъхугъэ сурэтыщІым и творчествэр псори адыгэ лъэпкъым хуэгъэпсащ жыпІэмэ, ущыуэнукъым.

Адэшхуэ-анэшхуэхэм, иджырей щІэблэм я теплъэ зэкІужым и закъуэкъым сурэтхэм къатещыр, абыхэм къабгъэдэкІ хуабагъэмрэ дахагъэмрэ плъэмыкІыу удахьэх.

ЗэІущІэр къызэІуихащ КъБР-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Къанықъуэ Жаннэ**.

- ФатІимэ и сурэт телъыджэхэм щытлъагъу къэфакІуэхэм, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм, къэмылапщэхэм, шыкІэпшынауэхэм я макъ зэхэпхыу къыпщохъу. СурэтыщІым адыгэ лъэпкъым хуиІэ фІылъагъуныгъэм и уэрэд макъыншэу пэшым къыщІоІукІ. Уеблэмэ къэплъытэ хъунущ ФатІимэ и ІэдакъэщІэкІхэмкІэ лъэпкъым уэрэд хузэхилъхьауэ, - къыхигъэщащ Жаннэ.

ХьэщІэмызым лъахэм хуиІэ фІылъагъуныгъэр и лъэпкъэгъухэм я теплъэкІэ, щІыуэпсым и дахагъкІэ къегъэлъагъуэ. Псом хуэмыдэу сурэтыщІым и ІэдакъэщІэкІхэм къуажэ гъащІэр щыкуэдщ. Абыхэм узэдеплъым, щхьэж и гум пэгъунэгъу, хуабагъэрэ гуапагъэкІэ гъэнщІа теплъэгъуэхэр уи нэгу къыщІегъэхьэ.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ ЦІыхубэ творчествэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр методикэ ІуэхущІапІэм и унафэщІ **Жылэ Анатолэ**.

- ФатІимэ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр сэ фІыуэ къызгуроІуэ. Абы и ІэдакъэщІэкІхэм ущеплъкІэ, адыгэхэм зэдай псэкупсэ лъапІэныгъэхэр къэлъагъугъуейкъым. СурэтыщІ къэс иІэщ и гупсысэр зыІыгъ Іуэхугъуэ , абы и Іэужь, гува-щІэхами, а цІыхум и творчествэм щыплъагъунущ. ФатІимэ утыку кърихьа лэжьыгъэхэр кууүэ зэрызыхищІар зэ еплъыгъуэкІэ гурыІуэгъуэ мэхъу, - жиІащ Жылэм.

Адыгэхэм я натІэ хъуа гузэвэгъуэшхуэхэми лъэІэсащ ФатІимэ, уеблэмэ а сурэтхэм щхьэхуимыту уагъэгумэщІ. Ауэ къакІэлъыкІуэ сурэтхэм зи щІалэгъуэр щоджэгу, гъащІэм щыпещэ, лъэпкъым игу ираудами, и псэр зэрыхамыхар, абы къэкІуэну дахэ зэриІэр зыхыуегъащІэ.

ЗэІущІэм и кІэухым ХьэщІэмызым къызэхуэсахэм захуигъэзащ.

- Дэтхэнэ сурэтыщІми и хъуэпсапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ и ІэдакъэщІэкІхэр цІыхум ягу нэсыну, абы щхьэж пэгъунэгъу гуэр къыщигъуэтыну. Сэ сыхущІэкъуащ фи сабиигъуэм и зы махуэ фи нэгу къыщІыхьэжу, адэшхуэ-анэшхуэхэм я гъусэу вгъэкІуа лъэхъэнэм и ІэфІыр зыхывэзгъэщІэну. СызэреплъымкІэ, абыхэм я лъагъуныгъэр адэ-анэм ейм зыкІи ефэгъуэкІыркъым, уеблэмэ нэхъ щызу къысщохъу, - жиІащ ФатІимэ къыщыпсалъэм.

Мэкъуауэгъуэм и 9 пщІондэ екІуэкІыну гъэлъэгъуэныгъэм феплъыну фыкъыхудоджэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм ящІэн папщІэ

2022 гъэм накъыгъэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтынущ.

ЩыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.***

# Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 21,** ***щэбэт***

✦**Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ**. 1864 гъэм увыІащ илъэсищэкІэ екІуэкІа зауэр.Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1992 гъэм мазаем и 7-м къищта унафэмкІэ щыгъуэ махуэр ягъэуващ. 2004 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ.

✦**Хьэршым и дунейпсо махуэщ**

✦**ЗызэхэщІыкІынымрэ зыужьыныгъэмрэ яхуэгъэпса щэнхабзэ зэмылІэужьыгъуагъэм и дунейпсо махуэщ**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 22,** ***тхьэмахуэ***

✦**Биологие зэмылІэужьыгъуагъэм и дунейпсо махуэщ**

✦**1917 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм къахэкІауэ Тыркум щыпсэухэм ящыщ спортсмен, Европэм бэнэкІэ хуитымкІэ и чемпион, 1948 гъэм екІуэкІа Олимп джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа **Джандемыр (Гугъэв) Адыл**.

✦**1946 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЩІДАА-м и академик **Озбек (Едыдж) Батырай**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 23,** ***блыщхьэ***

✦**Шылъэгум и дунейпсо махуэщ**

✦**1955 гъэм** къалъхуащ адыгэ хьэрычэтыщІэ цІэрыІуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ**.

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Псэр ящэри, напэ къащэху.**

# Сыт къыдэхъулIа?



**Накъыгъэм и 21. Зы махуэкъым абы гум къигъэкIыжыр. Зы илъэскъым икIи илъэси 158-м щIигъуа хэхэс гъащIэ хьэлъэракъым. Икъухьа хъуа, узым, гъаблэм зэтриукIа адыгэхэм я закъуэкъым абы узригъэгупсысыр. Лъэпкъыр а махуэ лыгъэм еувэлIэху екIуэкIа зауэ мыгъуэри лъыгъажэри гум къэмыкIыжын плъэкIкъым, ар щызэхэпхкIэ, тхам укъыщеджэкIэ. Залымыгъэрэ гъэпцIагъэкIэ хэкур зрагъэбгына нэхъыбэри, Iэбжьанэ-лъэбжьанэр хагъанэу адэжь щIыналъэр тхуэзыхъума нэхъ мащIэм я фэм дэкIари гум къегъэкIыжыр накъыгъэм и 21-м. И мылъкум траукIыхьу кхъухьым ирадзари, зи псэр зыта анэм и бгъэм къыщIахыжа сабий быдзафэри... Накъыгъэм и 21-м уигу къегъэкIыжыр Тыркум и щIыпIэ БэдыргэкIэ зэджэм ирагъэтIысхьэгъа, техьэгъуэм зэтриукIа адыгэ къуажэ 13-ри. Нобэ абы кIуэхэм адыгэ кхъэхалъэхэрщ ялъагъур.**

ТЫРКУ Республикэр къыщызэрагъэпэщым щыгъуэ, я бжыгъэм емылъытауэ, адыгэм я IыхьэфI а Iуэхум халъхьа пэт, и анэдэлъхубзэм ирипсалъэ, и лъэпкъыцIэр зэрихьэ мыхъуну зэращIыгъари, адыгэ къуажэ 40 зэрагъэIэпхъуари гум къегъэкIыжыр а махуэм.

Накъыгъэм и 21-м дыхуешэ Тымэ Сэин и усэм щыщ пычыгъуэми:

*Узыщыщым кIуэи яхыхьэж,*
*Уи лъэпкъым хуэлажьэ,*
*Умылажьэм сыт бгъуэтын?*
*Жылэ бжэIум уIутынщ.*

Гум къегъэкIыр си ныбжьэгъу, ди усакIуэшхуэ Бицу Анатолэ тырку щIыналъэм зэрызыхуигъазэри:

*Хэхэс...*
*А цIэр зи Iэхъулъэхъухэм*
*Куэдрэ сэ зэхэсхт я гугъу.*
*Си лъэпкъэгъумэ,*
*Зы фIэкI мыхъуми,*
*СахуэкIуэнут лъагъунлъагъу.*
*Ауэ апхуэдэ уэ уи бэт,*
*АхэмкIи си хэкур ибэт.*

Дыгъуасэ къэсыхункIэ дыщыгъуэн дызэрыхуимытари, ди лъэпкъым и щхьэм кърикIуа тхьэмыщкIагъэри, нобэ зыхэт гугъуехьхэри гум къегъэкIыр накъыгъэм и 21-м. Ауэ, накъыгъэм и 21-м, тхьэусыхэм дыкъыхишу, ди лъэпкъым и къэкIуэнум дригъэгупсысын хуейуэ собжыр. Хэкум, лъэпкъым я псэр хуэзыгъэтIылъахэр тхьэусыхэ макъым имыгъэтыншу къысфIощI.

Хэхэсхэм къагъэзэжауэ, лъэпкъыр лъэпкъышхуэ хъужауэ, иджырей лъэхъэнэм емызэгъыж щэн-хабзэхэр зыхидзыжауэ, нэхъ дахэхэмкIэ ихъуэжауэ, зым къыIэпыхур адрейм къищтэжу, ди Iэхэр зэрыIыгъыу, дызэкъуэту, сыт и лъэныкъуэкIи хэгъэгухэм яужь дыкъимынэу, ди гъунэгъу лъэпкъхэм дахэр яжетIэу, дахэ къыджаIэжу, фIыр зэдэтIэту хъумэщ гупсэху щагъуэтынур я гъащIэр абы тезыухахэм.

Арощи, япэ лъэбакъуэр, дунейм щикъухьа, бын куэду кIуэд ди лъэпкъэгъухэр анэ бгъафэм къешэлIэжынращ.

НтIэ, хэт ар зи къалэныр?

Лъэпкъымрэ хэкумрэ лъагъуныгъэ, гулъытэ хузиIэ цIыхухэр аращ. Ауэ, хэкурысым, «къагъэзэжарэт, къыщIамыгъэзэжар сыт?», хэхэсхэм «дашэжарэт, дыщIамышэжыр сыт?» - жаIэ къудейкIэ къалэныр гъэзэщIа хъунукъым. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, хэкурысыр мыращ зэрегупсысын хуейр: «Ди лъэпкъэгъухэм я адэжьхэр, егъэзыгъэрэ гъэпцIагъэкIэ хэкум пэIэщIэ ящIат. Лъэпкъым и нэхъыбэр къэрал щIыбым щыIэщ, ахэр хэкум, дэ - лъэпкъым дахуэныкъуэщ. Аращи, ди хабзэхэр зэтемыхуэжыпэми, бзэр яIэщIэкIами, зыхэс лъэпкъхэм я фэ тIэкIу къатеуэ хъуами, къыдэпэгэкIхэр яхэтми, къызэрытшэжынум и гъуэгу къэдгъуэтын хуейщ».

Хэхэсри зэрегупсысын хуейр мыращ: «Егъэзыгъэрэ гъэпцIагъэкIэ ди адэжьхэм хэку гупсэр къыщрагъэбгынэм, къинэжыгъа мащIэ тIэкIур аращ гугъуехь Iэджэхэр пылъу адэжь щIыналъэр тхуэзыхъумар. А мащIэ тIэкIур аращ нобэ «хэгъэгу диIэщ, нып диIэщ, бзэ диIэщ» жытIэу дызыгъэгушхуэр. Аращи, гулъытэ къытхуамыщIми, нобэкIэ къытхуэмейхэр яхэтми, къыдэпэгэкIхэр къахэкIми, ди хабзэхэр Iунэ-Iунэу зэтемыхуэжми, лъэпкъыбэм я фэ тIэкIу къатехьэ хъуами, ди хэкум дгъэзэжын, ди лъабжьэр къэдгъуэтыжын, ди лъэпкъэгъухэм дахыхьэжын хуейщ. Тхъэхэм дадэтхъэну, гугъу щехькIи ядэдгуэшыну...».

ЛъэныкъуитIым мы бгъэдыхьэкIэр къыхэтхми, ди унафэщIхэращ хэхэсхэр къэшэжыныр, гъуэгу захуэ тегъэувэныр зылъэкIынур. Ахэр аращ хэхэсым и хэку егъэгъуэтыжыным зэрытелажьэм елъытауэ, тхыдэм екIэ е фIыкIэ къыхэнэнур. Я нэхъ дэIэпыкъуэгъу лъэщ къытхуэхъунури, лъэпкъыр адэжь щIыналъэм пэIэщIэ зыщIа пащтыхьыгъуэм, ахэр къишэжыным хэлъ фIагъым гу лъызмыта Совет Союзым хуэмыдэу, дызыщыгугъыр Урысей Федерацэращ. Абы дэщIыгъуу дащогугъ ди лъэпкъэгъухэр хэкум пэIэщIэ зэрыхъуам зи Iыхьэ мымащIэ хэлъ Тыркум я унафэщIхэми.

Хэхэс адыгэхэм къыщагъэзэжкIэ, Урысеймрэ адыгэхэр щыпсэу къэралхэмрэ я зэхущытыкIэр иригъэфIэкIуэнущ. Мы гупсысэрат 1993 гъэм хэкум къыщытрадза япэ си тхыгъэм къыхэзгъэщар. Нобэ-щэ? Сытым тет Iуэхур?

- Урысей Федерацэм адыгэ хэхэсхэр и хэкуэгъухэм яхебжэр.

- 1991 гъэм къащтэри, 2000 гъэм нэс къару зиIа хабзэр и лъабжьэу УФ-м тыншу паспорт яритащ хэхэс адыгэхэм. Ноби Урысейм и хэкуэгъухэм ятеухуа и программэм ди лъэпкъэгъухэри къыхелъытэр.

- Хэхэсхэм я хэкум къызэрагъэзэжыфынур ди республикэхэм я конституцэхэм яритха хъуащ.

- Хэхэс ди къуэшхэм дапызыщIэ къэралыгъуэ IуэхущIапIэхэр диIэщ.

- Адыгэ псори зэдэзыгъэгумэщI, зэдэзыгъэгушхуэ лъэпкъ махуэхэр диIэ хъуащ (Щыгъуэ-щIэж махуэ, Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэ, Адыгэ ныпым и махуэ, Адыгэбзэм и махуэ, Адыгэ фащэм и махуэ).

- Хэкурысымрэ хэхэсымрэ зэкIэлъокIуэ, зэрогъэхьэщIэ, Iуэху зэдащIэ.

- Къэзыгъэзэжахэм я бынхэр хэкум щекIуэкI гъащIэм сыт и лъэныкъуэкIи хэувахэщ.

- 1998 гъэм Урысей Федерацэм и унафэкIэ икIи и дэIэпыкъуэгъукIэ я хэку ягъуэтыжащ Югославием щыпсэу адыгэхэм. Адыгейм «Махуэ хьэблэ» цIэ зыфIаща къуажэщIэ щаухуащ абыхэм папщIэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым Сирием къикIыжа ди къуэшхэр санаторэм щигъэхьэщIащ, унагъуищэрэ тIощIрэ тхум унэ-лъапсэ яригъэгъуэтащ.

- Хэкум къекIуэлIэжахэм я бжыгъэр лъэпкъ джэгушхуэ щIэтщIыным иджыри нэмысами, а гугъэр зэдэтIыгъыу дыIуощIэ Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэм, шыщхьэуIум и 1-м зэдэдгъэлъапIэм.

- Дызэрикъухьам и тхьэмыщкIагъэр лъэпкъ къарууэ къыдощтэжыр.

**МЭШХУЭФI Нэждэт.**

# Адыгэгум къеуэн щигъэтакъым

**Нобэ адыгэу дунейм тетыр мэщыгъуэ зэман жыжьэм Урысей пащтыхьыгъуэм кърищIылIа зауэ гущIэгъуншэм хэкIуэда ди лъэпкъэгъухэм папщIэ. Лъэпкъ тхыдэм увыпIэшхуэ щызубыд Iуэхугъуэщ илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэжьыр. Зи хэку зрагъэбгына, зи щIыпIэр зыфIагъэкIуэда цIыху мин бжыгъэ куэд адэжь щIыналъэм пэIэщIэрэ, я адэжь лъахэм къыщIэхъуэпсу дунейм ехыжащ.**

ЗЭМАН жыжьэм ди лъэпкъыр зыхэта гуауэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, насыпыншагъэу лъэпкъым къытепсыхам дегъэгумэщI. Дауи, дигу щIохьэ джаур зауэжьым зи щхьэр хэзылъхьахэм нэмыщI, къэнам я нэхъыбэр хэкум зэрырахуар. Ауэ адыгэр дуней псом тепхъа хъуами, абы къару къызэкъуихыфащ и щхьэр, и лъэпкъ хьэл-щэнхэр, и бзэр, и хабзэр ихъумэжыну. Махуэр нэщхъеягъуэми, гур игъэкIуэдыркъым адыгэм ишэча мыгъуагъэ къомым къелахэм къащIэхъуауэ нобэ щIыналъэхэм щызэхуэс щIэблэр зэрыкуэдым, я лъэпкъ фащэр ящыгъырэ хабзэ яхэлъу я адэжьхэм зэрахуэщыгъуэм.

Зауэр тхыдэм хилъэсэжащ, абы лъандэрэ илъэс Iэджи блэкIащ. Куэд щIащ зэрыщымыIэжрэ а лъэхъэнэм лъэпкъыгъэкIуэдыр къезыгъэжьахэри абы хэкIуэдахэри. Нобэ дыщыпсэу дунейм хуабжьу зихъуэжащ. А лъэхъэнэ жыжьэхэм къыщегъэжьауэ, гугъуехь мыухыжхэм къелри, адыгэ щIэблэ зыбжанэ Кавказми нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщалъхуащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, адыгэ нэхъыбэ дыдэ щыпсэу Тырку къэралым хэкум ирахуахэм я еханэ-ебланэ лIакъуэрщ нобэ зи щIалэгъуэр. Сэ срихьэлIащ абы щекIуэкIа щыгъуэ пэкIум. ЦIыхухэр мин бжыгъэкIэ къыдэкIат икIи зи нэм нэпсыр щIэт щIалэгъуалэрт удз



Iэрамэхэр хы ФIыцIэм хэзылъхьэр. Хэкум зэи щымыIами, адыгэбзэ ямыщIэми а зы махуэм къигъэуш лъэпкъ зыхэщIыкIым уасэ хуэщIыгъуейщ. Абдеж щызэхэсха хъыбархэмрэ езы щIалэгъуалэр къызэрыздэгуэшамрэ щыхьэт тохъуэ адыгэм и быныр зэи зэрымыкIуэдынум, хамэ лъэпкъхэм зэрахэмышыпсыхьынум. Сэ сыхуейщ ар си фIэщ сщIыну. НэгъуэщI къэралхэми щыслъэгъуащ къызыхэкIар хэтми иджыри Iупщ Iу къызыгурымыIуэ, илъэсиплI фIэкIа зимыныбжь щIалэ цIыкIум и адыгэбзэм и къабзагъыр.

Америкэм, Австрием, Израилым къыщалъхуа къуэрылъху цIыкIухэр щызэхуэсыжа анэшхуэм деж сыщыхьэщIащ сэ, адыгэбзэ къабзэкIэ зэпсалъэ а цIыкIухэм сахэсу. Бжьэдыгъу диалекткIэ упщIэ къызэзытам къэбэрдеибзэкIэ жэуап естыжати, щIыхьэжри, и анэм жриIэжат: «Си адэм и адыгэбзэм хуэдэ зыIурылъ пщащэ къыздэуэршэращ», - жиIэри. НэгъуэщI зы къэрал дыщыIэу, адыгэбзэ зыщIэр нэхъыжьыIуэхэрауэ си гугъэу, камерэм къесшалIэурэ интервью къыщеIысхым, илъэс 12 - 14-м ит щIалэ цIыкIухэр къызбгъэдыхьат: «КхъыIэ, дэри адыгэбзэкIэ дыкъэгъэпсалъэ», - жаIэри. Мис апхуэдэ щапхъэхэм срихьэлIащи аращ си гур щIэзмыгъэкIуэдыр, хамэщIым адыгэхэр щыхэкIуэдэжыну жаIэми, си фIэщ щIэзмыщIыр.

Апхуэдэ щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ шэрджэс цIыхум хэлъ щэнхабзэ дахэм, зэпIэзэрытыныгъэм, шыIэныгъэм, къабзагъэм я хьэтыркIэ зыхэсхэм пщIэ къыхуащIу, адрейхэм япэ ирагъэщу зэрыпсэум теухуауэ. Адыгэр дэнэ щымыIами, адыгагъэм ирогъуазэ: цIыхугъэр, лIыгъэр, гущIэгъур псом япэ ирегъэщ, и лъэпкъ напэр зэримыгъэулъииным, абы и щытхъу зэриIэтыным сыт щыгъуи и нэIэ тетщ. Аращ зэрыдунейуэ лъытэныгъэрэ пщIэрэ къыщIытхуащIыр. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэзгъэщынщи, хьэрыпхэм, тыркухэм, нэмыцэхэм, журтхэм яхэс адыгэхэр лэжьапIэ увын папщIэ гугъуехь щыхэт къахуихуэркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр сыт щыгъуи япэ ирагъэщри къащтэ, дзыхь къыхуащIри, я пэжагъым фIыуэ щыгъуазэщи. Мыр езы адыгэхэм ягъэхъыбару зэхэсхам и закъуэкъым, атIэ тырку унафэщI зыбжанэм къызжаIащ, интервьюм хэту, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIа куэдми сахуэзащ адыгэхэр къуэшу къызэралъытэр жаIэу.

ДызэпэIэщIэу, дикъухьауэ дунейм дыщыпсэуми, къэралхэм драгуэшами, адыгэгум къеуэн щигъэтакъым. ХэкIыпIэ нэхъыщхьэу къэтлъытэр ди лъэпкъыр зэрыIыгъыу ди хэкужь дисыжыныр аращ. Ауэ ар зэкIэ къыдэхъулIакъым, Iуэху тыншуи пхужыIэнукъым. Ауэ сыт хуэдиз гугъуехь лъэпкъыр хэтми, Кавказым и жьэгу мафIэр иджыри ужьыхакъым, ар хъуаскIэ-хъуаскIэу дэни щоблэ. Абы къегъэлъагъуэ лъэпкъым иIа зэкъуэтыныгъэр, хэлъа цIыхугъэр, и хэкум хуиIа фIылъагъуныгъэр зэримыгъэкIуэдар, ар лIэщIыгъуэ куэдым щызэIэпахыурэ ди деж къызэрысар.

Иужьрей илъэсхэм хэкум къэзыгъэзэжыну гупыж зыщI щIалэгъуалэмрэ щеджэну къакIуэмрэ нэхъыбэ зэрыхъуам гу лъыдотэ. ФIыуэ ялъагъу щIыгум къытоувэж, ди адэшхуэхэр зыщIэхъуэпсахэр къадохъу, илъэс минхэр зи ныбжь тхыдэм езыхэри зэращыщыр зыхащIэ, щэнхабзэ лъэщ дызэриIэр, ди анэдэлъхубзэр зэрылъащIэншэр къагуроIуэ. Щыпсэу къэралыр сыт хуэдизу тыншыпIэ яхуэхъуами, гупсэхугъуэ къезыт щIыпIэ зыхуэмыхъур куэдщ. Жэнэтыр здэщыIэр Кавказыр зэрыарар, адыгэм и къэкIуэнур абы зэрепхари нэсу зыхэзыщIэу хэкум къитIысхьэжахэм гур хагъахъуэ.

Лъэпкъым хуэлэжьэныр, и щIыгужь щIэбэныныр, и анэдэлъхубзэ ихъумэныр, диныр игъэлъэпIэныр, адыгагъэм темыкIыу илъэс мин бжыгъэхэм я кIуэцIкIэ къыддекIуэкI хабзэхэр зыми химыгъэгъуэщэным хущIэкъуныр - аращ адыгэ нэсым и пщэрылъ нэхъыщхьэр. Си щхьэкIэ пщIэ лей хузощI абы тету псэу цIыхум.

БлэкIар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, тхыдэм дерс къыхэтхкIэрэщ ди къэкIуэнур убзыхуа зэрыхъунур. Адыгэр гуауэ куэд зылъэгъуа, блэкIам Iущ ищIа лъэпкъщи, фIым, дахэм, мамырыгъэм я мыхьэнэр фIыуэ къыгуроIуэ. Нобэ хамэ къэрал куэдым дыщыпсэуми, дэ быдэу дызэрапх хэхэсхэми хэкурысхэми я псэм хэлъу къэгъуэгурыкIуэ адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэм. Дэтхэнэ зыри къыхузоджэ блэкIам къытхуихьа гуныкъуэгъуэр зыщыдмыгъэгъупщэу дяпэкIэ лъэпкъыр нэхъ лъэщ зыщIын, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпызыщIэжын IуэхуфIхэр ялэжьу псэуну.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*






# Нахь зэпэблагъэ тыхъуным илъэмыдж

**Урыс къэралыгъошхоу дзэ зэтегъэпсыхьагъэ зиIэм илъэсишъэм ехъурэ ячIыгу къагъэгъунэзэ, къушъхьэчIэс адыгэхэр зыпэуцужьыхэ нэуж Кавказыр зыштэнэу гухэлъ зиIэ империем зэрэтемыкIощтхэр къагурыIуагъ. Адыгэм инахьыбэр хъугъэм еуцолIагъэп, шъхьакIор ашхышъугъэп, къяджэгъэ хэгъэгум игъогу тетэу псычIэгъ хъугъэр бэдэд, нэмыкI къэралыгъохэм ащымыгупсэфхэу, зым икIыхэмэ, адрэм кIохэзэ, хьадэгъур хымэ чIыгум изыгъотагъэри макIэп. Ащ тетэу тилъэпкъ тхьамыкIэгъошхоу лъэпкъ гъэкIод заор ыухыгъ.**

КЪЫТЭХЪУЛIАГЪЭМ тырымыгущыIэу, етIани илъэсишъэм ехъу тешIагъ. Зигупсэ имыкIыжьыгъэр къэбар тхьамыкIагъом щыгъозагъэп, тарихъым хэтэу ткIугъэп, тшIэщтыгъэр зэгорэм адыгэхэр бэ хъухэу Кавказым зэрисыгъэхэр ары ныIэп. Ренэу сыгу къэкIыжьы Унэрэкъо Мирэ къыIотэжьыгъагъэр. ЗэшыпхъуитIумэ яз зэрыс унагъор икIыжьы зэхъум, нысэри адикIыжьынэу хъугъэти, ахэм гущыIэ зэратыжьыгъагъ тыдэ щыIэхэми, мазэм икъихьагъум унэм къикIыхэмэ мазэм зэдеплъыхэзэ ашIынэу, зэдэгущыIэнхэу. Зын къылъфыгъитIур зэпэчыжьагъэхэми, мазэм зэдеплъыхэмэ, зэрэлъэгъугъэхэм фэдэу ягъашIэ къахьыгъ.

ЕтIанэ уахътэ тешIи Урысыемрэ адыгэхэр зэрыс хэгъэгухэмрэ нахь зэхахьэхэу, СССР-м икъэлэшхохэм ащеджэнхэу нэбгырэ зырызхэр къакIохэу зырагъажьэм, нахь къэбар горэхэм тащыгъуазэ хъугъэ. КъэсэшIэжьы, я 80-рэ илъэсхэм комсомольскэ путевкэкIэ Югославием ыкIи Венгрием сызэращыIэгъагъэр. Белград игупчэ ит хьакIэщым дэжь адыгэ кIалэхэр, пшъашъэхэр къызэрэIухьэгъагъэхэр, къызэрэтпэгъокIыгъагъэхэр. IэкIыбым щыIагъэхэр а лъэхъаным къытхэтыгъэх, ау сэщ фэдэу адыгэхэр IэкIыбым апэрэу щызылъэгъугъэхэмкIэ адыгабзэр Белград зэрэщыIурэр бгъэшIэгъонэу щытыгъ. ЕтIани дэгъоу къэсшIэжьырэр къапэгъокIыгъэхэри къызпэгъокIыгъэхэри зэрэзыфэсакъыжьыщтыгъэхэр ары.

А лъэхъаным къэкIожьыным игугъэ IэшIу-IэшIоу тилъэпкъэгъухэм къыздырахьакIыщтыгъ. А лъэхъан закъор арэп, адыгэр зикIыжьыгъэм къыщегъэжьагъэу къыгъэзэжьын гухэлъ иIагъ, ащ кIэхъопсызэ, игъашIэ хымэ чIыгум щихьыгъ. Ащ фэгъэхьыгъэу гугъэуз къэбарыбэ къатхыжьыгъэу щыI.

Непи къэкIожьыным икъэбар тыухыгъэу щытэп. IэкIыбым къикIэу къэкIуагъэм апэ тызыIукIэкIэ, къыгъэзэжьын ыгу хэлъмэ теупчIы. Загъорэ тегупшысэрэп ащ Iофэу пылъым. Нахь цIыф Iушхэу, ахэхьэгъэ-ахэкIыгъэхэу мы Iофым лъэныкъуабэкIэ къеплъынхэ зылъэкIыхэрэм къаIоу къыхэкIы къэмыкIожьышъущтхэми, нахьыбэрэ тызэхэхьанхэ, анахьэу тиныбжьыкIэхэр зэрэшIэнхэ зэрэфаер. Ау пIоныр зы, пшIэныр, бгъэцэкIэныр нэмыкI шъыпкъ.

Непэ сигерой зыIорэм нахьи зышIэрэр нахьыбэ цIыф, зилъэпкъ гукIэгъу мыкIосэрэ кIэлэ чанэу Сэхъутэ Аскэр. Лъэпкъ Iофым тIэкIу нэмыIэми хэщэгъэ цIыфхэм ар дэгъоу ашIэ, иныбжьыкIэгъум къыщегъэжьагъэу ащ фэлажьэ. Краснодар гурыт еджапIэр къызыщеухым Адыгэ къэралыгъо кIэлэегъэджэ институтым щеджагъ, АР-м и Президентэу Шъэумэн Хьазрэт ипресскъулыкъу ипэщагъ, «Адыгэ Хасэми» Краснодар краим и «Адыгэ Хаси» ятхьаматэу къыхэкIыгъ. Сыдрэ Iоф зегъэцакIи апэ итмэ ащыщыгъ, шIотэрэзыр къыIон ылъэкIыгъ.

2012-рэ илъэсым черкес общественнэ организациехэм я Координационнэ Совет УФ-м и Президентэу В. Путиным зызыщыфигъэзэгъэ Джэпсалъэм кIэтхагъэхэм Аскэр ахэтыгъ. Сирием къыщежьэгъэ зэо зэпэуцужьым адыгэхэр къыхэщыжьыгъэнхэм ар фэгъэхьыгъагъ. Адыгэхэр Сирием къиищыжьыгъэнхэмкIэ, ахэр тикъуаджэхэм адэгъэтIысхьэгъэнхэмкIэ Сэхъутэм Iофышхо ышIагъ. Ар Iоф къызэрыкIоу щытыгъэп, Iофыгъо пчъагъэ зэшIохыгъэн фэягъ. Аскэр УФ-м и Федеральнэ ЗэIукIэ ФедерациемкIэ и Совет и Тхьаматэ дэжь щыIэ Координационнэ Совет хэтыгъ. Тыдэ зыщэIэми, ыпшъэкIэ къызэрэщысIуагъэу, ежьыри гупсэф иIагъэп, игъусэхэми рэхьатыгъо аримытэу шIэгъэн фаем еусагъ, къыугупшысыгъ, зэшIуихыгъ. Сирием къыращыжьыгъэхэм псэупIэхэр агъотыгъэмэ, къоджэ цIыкIу псаоу щыIэхэмэ, «зыгорэущтэу щыIэных» ымыIоу, IофшIэн ямыIэмэ агу зэрэкIодыщтыр, зэрэщымыIэшъущтхэр къыгурыIуи, республикэм и Премьер-министрэ иунашъо зыгъэцэкIэн фаехэм зыкIамыгъэцакIэрэр зэхифыгъ ыкIи къэкIожьыгъэхэм янахьыбэм IофшIэн агъотыгъ. Ащ фэдэу Сэхъутэм игулъытэ бэ къыубытырэр.

Джыри Аскэр зы IофыкIэ къырихьыжьагъ. 2021-рэ илъэсым адыгэу IэкIыбым щыпсэухэрэм яорганизациехэр зэхахьэхи тилъэпкъэгъоу Сирием исхэм IэпыIэгъу афэхъунхэу тыраубытагъ. Ащ фэгъэхьыгъэу мы мафэхэм гущыIэгъу тыфэхъугъ Сэхъутэ Аскэр.

- Сирием граждан заоу щыкIорэм къыхэкIэу къэкIожьыхэмэ зышIоигъо адыгэ унэгъуабэ щыI, ау ушъхьагъубэмэ япхыгъэу ахэм ягухэлъ къадэхъурэп, - еIо Аскэр. - АпэрэмкIэ ахъщэм епхыгъэ Iофыгъохэр, псэупIэ фонд зэрэщымыIэр, IофшIапIэр зэрэгъэгъотыгъуаер ыкIи нэмыкI пэрыохъубэ апэкIэ къекIы. Мы Iофым ыгъэгумэкIырэ активистхэр бэрэ зегупшысэхэ нэуж зы хэкIыпIэ къагъотыгъ. Тилъэпкъэгъухэм якIалэхэм Хэкужъым гъэсэныгъэ щызэрагъэгъотынымкIэ IэпыIэгъу тафэхъунэу итхъухьагъ. НыбжьыкIэхэр мыщ щеджэнхэу къызыкIохэкIэ, урысыбзэр зэрагъэшIэщт, чIыпIэм щыгъуазэхэ хъущтых, IофшIапIэ щызэрагъэгъотыщт, Урысыем щыпсэунхэ фитхэу статус яIэщт, цIыкIуцIыкIоу къызэрыкIыгъэ унагъохэри къащэжьынхэ алъэкIыщт. Ащ тетэу нахь зэпэблагъэ тыхъуным изыIахьэу, изылъэмыджэу ар хъущт. АпэрэмкIэ ныбжьыкIэ 20 еджакIо къэтщэн тыгу хэлъыгъ. Ау къакIомэ зышIоигъохэм япчъагъэ бэкIэ нахьыбэ хъугъэ, нэбгырэ 47-рэ икъугъ. Ахэм илъэс 17 зыныбжьыхэри ахэтых.

Ау ныбжьыкIэхэр зэрыс унагъохэм еджапкIэр хэгъэкIи, Урысыем къырынэсынхэу гъогупкIи яIагъэп. Ащ тыкъыпкъырыкIызэ, проектым игъэцэкIэн пае ахъщэ тыугъоинэу едгъэжьагъ. Проектым ипащэх диаспорэм щыщ активистхэу, Канадэ щыIэ черкес организацием ипащэу СтIашъу Орфан, Тыркуем щыпсэурэ адыгэхэм я Федерацие ипрезидентэу Баш Нусрет, ТыркуемкIэ Кавказ обществэхэм я Федерацие ипрезидентэу Йилдыз Щекерджи, Израиль и «Адыгэ Хасэ» итхьаматэу Нэпсэу Зэчэрый, США-м и «Адыгэ Хасэ» итхьаматэу Хьатикъое Хьакъан, Нюрнберг и «Адыгэ Хасэ» итхьаматэу Фрайди Барасбай ыкIи Тыркуем, Европэм, США-м яактивистхэу Нэгъой Яшар, Абдзах Тинэ, Цэй Сэбахь, Чэтэо Маруан, СтIашъу Ихьсан, Нэпсэу Зэчэрый, Хьакъан, Нэпсэу Саусэн, Нур Барысбай, Гунзиль Шурдум, Требзу Яра, Щамиль Эрдоган, Умер Атлар, Шэджэн Фарук ыкIи Шэуджэн Аминэ. Ахэр фондым ахъщэкIэ IэпыIэгъушхо къыфэхъугъэх. КъасIомэ сшIоигъу проектым Иордан ыкIи Европэ адыгэ организациехэр къызэрэхэмылэжьагъэхэр. Ау а хэгъэгухэм цIыфхэр къарыкIыгъэх активистхэу проектым IэпыIэгъу къыфэхъугъэхэр.

Краснодар краим и Адыгэ Хасэ, Къэбэртэе-Бэлъкъарым ичIыпIэ активистхэу обществэу «Пэрыт» зыфиIорэм хэтхэу Къат Дию, Атилла Гусер, Бэлъкъар Гъазый, СтIашъу Ахьмэд. Спонсорхэм пшъэрылъ зыфашIыжьыгъ ныбжьыкIэхэм ягъогупкIи, явизэхэм, подготовительнэ факультетым зэрэщеджэщтхэм апэIухьащт ахъщэри, медицинэ страховкэри, ятхылъхэм язэдзэкIыни, стипендием апэрэ илъэсым тефэщтыри афатынэу.






НыбжьыкIэхэр Адыгеими щедгъэджэнхэу тыгу хэлъыгъ, ау тэ тиуниверситетитIу ныбжьыкIэхэр аштэнхэу хъугъэп. Ащ къыхэкIэу ныбжьыкIэхэр Краснодар краимрэ Къэбэртэе-Бэлъкъарымрэ яеджапIэхэм атедгощагъэх. Пшызэ къэралыгъо университетым студент II ыштагъ, Пшыз къэралыгъо мэкъумэщ университетым, физическэ културэм, спортым ыкIи туризмэм яуниверситет ыкIи Къэбэртэе-Бэлъкъар университетым нэбгырэ 36-рэ ачIэхьагъ.

Студентхэр еджэным зэрегугъухэрэр сигуапэу къыхэсэгъэщы. Сэ Краснодар щеджэхэрэм Iоф адэсэшIэшъ, ахэм яхьылIагъэу къасIомэ сшIоигъу. Ахэм гъэхъагъэхэр еджэнымкIи спортымкIи ашIых. ГущыIэм пае, Гъыщ Яхье дзюдомкIэ Сирием ичемпион, Хьаджэбыекъо Марах каратэмкIэ Сирием ичемпионк. УФ-м гъэсэныгъэмкIэ и Министерствэ студентхэм ягъэхъагъэхэр къыдилъытэхи, ыпкIэ хэмылъэу Краснодаррэ Налщыкрэ нэбгыри 7 ащеджэнэу чIыпIэхэр къаратыгъэх. Краснодар щеджэрэ пшъэшъитIу адыгэ кIалэхэм адэкIуагъэх. ЗэкIэ ныбжьыкIэхэм фитыныгъэ яI Краснодар щыпсэунхэу, сэнэхьатэу къыхахыгъэхэм ялъытыгъэу апшъэрэ еджапIэхэм ачIэхьанхэу загъэхьазыры. Ахэм ащыщых IэкIыб къэралыгъуабзэхэм язэгъэшIэн, проектированиер, компьютернэ технологиехэр ыкIи медицинэр.

Мы проектым фэдэу къэралыгъуабэмэ ялIыкIохэр зыхэлажьэхэрэр апэрэу зэхэтщагъ, ащ мэхьанэшхо иIэу сэ сеплъы. Тилъэпкъэгъу кIэлэцIыкIухэм уишIуагъэ ябгъэкIыныр, граждан заор зыщыкIорэ хэгъэгу зэхэтэкъуагъэм къипщынхэшъ, чIыгужъым щебгъэджэнхэр шIушIэнымкIэ зыфэдэ къэмыхъугъэ щысэ хъугъэ, джары цIыфыгъ, адыгагъ зыфаIорэр. Непэ уарыгушхон фае ащ фэдэ гупыкI зиIэхэр тилъэпкъ къызэрэхэкIыгъэхэм.

**СИХЪУ Гощнагъу**.



# ЛIэщIыгъуэхэм къахэна лIыгъэ

**Мы сурэтым ит адыгэ дзэпщищым ящыщу, щытыр - Къарзэдж Шырыхъукъуэ Дыгъужьщ. Нэхъ Iупщ1у жыпIэмэ - Къарзэдж Шырыхъу и къуэ Дыгъужь. Ар къуэкIыпIэ адыгэхэм я дзэпщу щытащ, Кавказ зауэм и кIыхьагъкIэ лъэпкъым и шэпэIудзу псэуа адыгэпщхэм ящыщщ.**

ДЫГЪУЖЬ и натIэм Тхьэм иритха хъуамрэ лъэбакъуэу ичамрэ хуэбгъэдэфынущ щыхупIэ дыдэм щхьэщыту ирикIуа цIыхум. Ауэ, нэхъыщхьэри аракъым. АтIэ Дыгъужь и щхьэм и мызакъуэу и лъэпкъри - Къарзэджхэ я лъэпкъыр а щыхупIэ Iуфэм зэрыригъэкIуаращ.

Тхьэм гуэныхь телъами къыхуигъэгъу, и увыIэпIэри дахэ ищI! И унафэ щIэту и ужь иригъэувэу, и Хэкум шэпэIудз хуищIа Къарзэджхэ я унагъуэцIэ зезыхьэ Хэкужьым къинакъым. Лъэпкъыр щыпащащ Инжыдж куэщI щетIысэха хьэжрэтхэм я деж, ауэ абыхэм я унагъуэцIэр яхъуэжыну къахудэхуащ. НобэкIэ Къарзэдж унагъуэцIэр зезыхьэхэр здэпсэур Тыркумрэ Израилымрэщ. Мин бжыгъэ хъууэ щыта унагъуэцIэм щыщу Хэкужьми хэхэсхэм я дежи къэнар пытхъахуэ дыдэщ...

Дыгъужь теухуауэ тхыгъэ куэд къэнащ. И нэхъыбэм ахэр къызыхэтхыжыр пащтыхьыдзэм дэфтэр зэрагъэкIуахэмрэ а зэманым Кавказым щызэхэзекIуа тхыдэтххэм я Iэдакъэщ1экIхэмрэщ. Апхуэдэщ Дубровин Н. и «История войны и владычества русских на Кавказе. (Т.1,Спб,1871)» тхылъым и «Черкесы» Iыхьэм щытлъагъур: «ДжэгуакIуэм шыкIэпшынэр къегъэпсалъэри, Къарзэдж Шырыхъукъуэ Дыгъужь теухуа лIыхъужь уэрэдым къыхедзэ. А уэрэдым деж щапхъэу къехь Къарзэджым и лIыгъэр, натхъуэдж лIакъуэм и пашэу и Хэкур зэрихъумар къыжеIэж». А хъыбарыр Дубровиным жезыIэжауэ къигъэлъагъуэр КърымДжэрий СулътIанщ.

Тхылъым зэритымкIэ, натхъуэджхэм лIакъуэлIэш лъэпкъыжьу яIэт ШупакIуэ, КъуийцIыкIу, Къарзэдж унагъуэцIэхэр. Абыхэм ящыщу, зи лIыгъэкIэ Кавказым щыIуа лIыхъут илъэс 70-м а зэманым ит Къарзэдж Дыгъужьыр. ДжэгуакIуэм жиIэ уэрэдым къыхэщыжыр 1824 гъэхэм зэхэуэ гуащIэ екIуэкIахэращ. Къарзэджым игъэлъагъуэ лIыгъэр тырку сулътIаным и блыгущIэтхэм ягъэщIагъуэ. Абыхэм ящыщ Седр-Азам лIыхъужьыр Истамбыл ирегъэблагъэ. Абы къыпожьэ тырку сулътIаныр, саугъэт куэди кърат, тыркудзэм къулыкъу щищIэну къолъэIу.

Ауэ Къарзэджыр и Хэкужьым хуозэшри, дауэ къемылъэIуами, къафIегъэзэж. Апхуэдэу щыхъукIэ, тырку сулътIаным кхъухьым хъугъуэфIыгъуэу ихуэр къыхурелъхьэри къеутIыпщыж.

Кавказ зауэм теухуауэ Пэнэф А. иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм мыпхуэдэу щитхащ: «Адыгэхэм яхэтт зауэлI мин бжыгъэ зи ныпым къыщIэзыгъэувэ дзэпщхэр. Абыхэм ящыщт Хьэжы Къызбэч, Къарзэдж Шырыхъукъуэ Дыгъужь, Хьэудокъуэ Мансур, Шамуз ШупакIуэ, Джырандыкъуэ Хьэжы Бэрзэдж, Пщымахуэ Айтэч, Гъурцыжьокъуэ Алий сымэ».

Пащтыхьыдзэм и дэфтэрхэм къыхощыж зы тхыгъэ гъэщIэгъуэн. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 1853 гъэм мазаем (февралым) и 19-м, Куматырь псым и Iуфэм къэзакъхэм къапэщIоувэ икIи гуащIэу къозауэ Къарзэдж Дыгъужь зи пашэ натхъуэдж шуудзэр.

«Предводители натухайских адыгов в Кавказской войне» дэфтэрым мыпхуэдэу дыщрохьэлIэ: «Къарзэдж Шырыхъукъуэ Дыгъужь и лIыгъэр Кавказым къыщымынэу, Европэми щызэхахат. Инджылызым щыщу Кавказым а зэманым щыIахэм ятхыжахэм куэду щыдолъагъуж и лIыхъужьыгъэр. Апхуэдэу, Белл и тхыгъэхэм абы зэреджэр «адыгэхэм къахэкIа Ричард Львиное Сердце» фIэщыгъэцIэмкIэщ».

Генерал-лейтенант Рашпиль и рапортым мыпхуэдэу хэтщ: «КъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэу адыгэ лIакъуэхэм ядэтщIа зэгурыIуэныгъэхэр напIэзыпIэм зэхакъутэжт Зан Сэфэрбий и къуэ Къарэбатыррэ Къарзэдж Дыгъужьрэ».

НэгъуэщI зы рапортым деж адыгэ дзэпщхэм щатепсэлъыхькIэ, Къарзэдж Дыгъужьым зэреджэр «заблудившийся рыцарь, живший не в свою эпоху» фIэщыгъэцIэмкIэщ. 1841 гъэм убыхыщIым деж пащтыхьыдзэм зауэ гуащIэ иригъэкIуэкIыу, къыздрагъэкIуэтыжам, адыгэ дзэпщ къапэщIэтахэм ящыщу ягъэбелджылы Къарзэдж Шырыхъукъуэ Дыгъужьыр.

Дыгъужь Хэкум псэемыблэжу щозауэ, и жьауэ щIигъэува натхъуэджхэри, езыр къызыхэкIа унагъуэцIэ дыдэ - Къарзэджхэри къэгъазэ имыIэу пащтыхьыдзэм пэщIигъэтщ. Зэрызэуэн къару къащыхуэмынэжкIэ, псэууэ къэнар къызэщIекъуэри, Тыркум ирешыж. Абдежи тыркухэм я дэфтэрхэм къыщыхощыж. Токато районым деж 1887 гъэм къыщекIуэкIа Iуэхугъуэхэр Елисеев А. мыпхуэдэу етхыж: «Мы хэгъуэгур адыгэ къуажэхэмкIэ гъэнщIащ. ИкIуэт зымыщIэ лIыхъужь бзаджэхэщ мы адыгэхэр. Азие ЦIыкIум щыпсэу лъэпкъыу хъуар апхуэдизу ягъэшынащи, лъэныкъуэкIэ къыпакIухь. Ауэ, апхуэдизу псори зыгъэшынэхэм хабзэ бэлыхьхэр къызыкъуахри, драгъэблагъэри дагъэхьэщIэ...»

Елисеевым илъэгъуахэм яхэтщ тырку щIыналъэм ириша къуажэхэр зи нэIэ щIэту зыгъэпсэу Къарзэдж Дыгъужь. «Ар апхуэдизкIэ щхьэмыгъазэти, езы Тырку дыдэм деж тыркухэр къыщышынэт», - етхыж Кърым- Джэрий СулътIан.

Дыгъужь Тыркум иришыжа Къарзэджхэ я цIэр ину щагъэIуащ хамэщIым. Къарзэдж Дилавар-пащэрэ абы и къуэ Къарзэдж Сэлихь-Хулуси-пащэрэ тыркудзэм и адмиралхэт, хызекIуэ бэлыхьхэт, Тыркум и хыдзэм лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщщ. Тырку сулътIан Абдул-Хьэмид II-м и щхьэгъусэу щытащ Къарзэдж Мэхьмуд ипхъу Бедрифелек пщащэр. Ар езыр Хэкужьым къыщалъхуу, хъыджэбз цIыкIуу и унагъуэм щIыгъуу Тыркум икIыжауэ щытащ. Абы и къуэ, Къарзэджхэ я пхъурылъху Къазым-пащэ тыркудзэм и е 6-нэ шуудзэм и бригадиру щытащ.

Къарзэджхэ я къуэпс къыхощыж Израилым дежи. Абы щыщщ еджапIэм и унафэщI, адыгэ лъэпкъ музейм и къызэгъэпэщакIуэ, къэхутакIуэ, усакIуэ Къарзэдж Iэсхьэд. Абы и тхыгъэхэр куэдрэ Хэкужьым къылъоIэс. Жагъуэ зэрыхъущи, Къарзэдж унагъуэцIэр Хэкужьым къинакъым. Ауэ Дыгъужь и лъэпкъыр зэщIикъуэу Тыркум щришыжым, къупщхьэ жылэу адыгэщIым къринащ зы щIалэ цIыкIу. Ар къуэкIыпIэ адыгэщIым кърашри, Инжыдж и куэщIым къагъэIэпхъуэ, Хьэгъундокъуэпщхэм я къуажэм къашэж.

Абы и унагъуэцIэр Къарзэджт, и цIэр Бемырзэт. Абы и цIэмкIэ иригъэтхыжа унагъуэцIэщ мы зэманым Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу Бемырзэхэр. Абы и хъыбархэр IупщIу щывгъуэтынущ Пщыбий Инал и «Адыгэ унагъуэцIэхэр» тхылъымрэ ГъукIэкъул Даут и «Къарзэдж Бемырзэ» поэмэмрэ.

Къарзэдж Дыгъужь Хэкужьым щIалэ цIыкIуу кърина Бемырзэ и къуэм и пхъурылъху мы зэманым псэущ, Тхьэм и шыкуркIэ, Ботэщей къуажэм дэсщ. Кавказ зауэр жыжьэ гуэру къытщыхъуми, ар дыгъуасэ хуэдэу лъэпкъым щхьэщыкIа мафIэ лыгъэщ....

**БЕМЫРЗЭ Зураб.**

***Сурэтым:*** Адыгэ дзэпщ пашэхэр 1830-1840 гъэхэр. Щытыр Къарзэдж Шырыхъукъуэ Дыгъужьщ (натхъуэдж лIакъуэм щыщщ), икум щысыр Хьэджокъуэ Мыхьэмэдщ (абэзэхэ), сэмэгурабгъумкIэ щысыр Уэрдыжьокъуэ Дзэпщщ (убых).

# ТIасхъэщIэхым и гукъэкIыж

**Кавказ зауэжьым и лъэхъэнэм пащтыхь Николай е I и унафэ щхьэхуэкIэ Кавказым къагъэкIуауэ щытащ штабс капитан Торнау Ф., адыгэхэр цIыху бжыгъэу зэрыхъур, къуажэхэр здэщыс щIыпIэхэр, жылагъуэхэм уезышалIэ гъуэгухэр, къуршыпс Iэлхэм я икIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри IупщIу зэхэхауэ зэрыт топографическэ картэ зэхигъэувэну. Ар адыгэ Хэкур къизэуну къигъэкIуа дзэм сэбэп хуэхъунут.**

ТОРНАУ и закъуэкъым а лъэхъэнэм апхуэдэ пщэрылъ зиIэ урыс офицеру ди хэгъуэгум «щыхьэщIар». Пэжщ, апщыгъуэм урысыдзэм и тIасхъэщIэххэр ди лъэпкъым и бийуэ щытами, нобэкIэ Кавказым къинэжа адыгэхэм я блэкIар зэфIэгъэувэжыным елэжь щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу къахуэнар Торнау хуэдэу лъапсэрых зауэм жыджэру хэлэжьахэм къащIэна тхыгъэжьхэращ.

ТIасхъэщIэх офицерхэм картэ зэрызэхагъэувэм и мызакъуэу, абы къыщыгъэлъэгъуа щIыпIэхэм, къуажэхэм щыпсэухэм я зэхущытыкIэхэр, зэрахьэ хабзэхэр къанэ щымыIэу кърaтхэкIащ.

ТIасхъэщIэх Торнау къэбэрдеипщ Къетыкъуэ Хьэмырзэ и унагъуэм теухуа къэхъугъэ гъэщIэгъуэн итхыжащ.

«1821 гъэм Ермолов Алексей Петрович Къэбэрдейм деж зэщIэхъееныгъэр щигъэужьыха нэужь, къэбэрдеипщхэмрэ уэркъхэмрэ Урысейм и бжьым щIэувэн ямыдэу, Псыжь адрыщIым Iэпхъуэжу щIадзащ. Абыхэм ящыщ зыт Къетыкъуэ Хьэмырзэ и щIалэ Беслъэн. Хьэмырзэ и къуэр урысыдзэм нэхъ ерыщу къапэщIэтахэм ящыщщ. А лъэхъэнэм Беслъэн гуэгъэпщIам хуэдэу и зауэлI шугъусэт и щIалэ, илъэс 12 нэхъ зимыныбжь Аслъэнджэрий. И ныбжьым емылъытауэ хуабжьу ерыщу, зэуэным хуэIэижьу а сабий емынэунэр урыс сэлэтхэм къапэувт.

ЗэманыфIкIэ Къетыкъуэм урысыдзэр игъэгумэщIа иужькIэ, Ермолов Беслъэн гурыIуауэ щытащ урысылъ гъэжэныр нэхъ игъэкIащхъэмэ, Къэбэрдейм къэна и жылэр къритыжыну, Уарп псыщхьэ къэIэпхъуэнкIэ хуит ищIыну. Беслъэн псалъэ итам тету и лъы гъэжэныр нэхъ игъэсабырри, и жылэр Уарп псыщхьэ къигъэIэпхъуэжащ. ПIалъэ кIэщIкIэ Къетыкъуэм хузэфIэкIащ къэбэрдей хьэжрэтхэм пщIэшхуэ зыхуащI, зи жыIэ пыдзэ имыIэу ягъэзащIэ лъэпкъ пашэу зигъэувын.

Зы илъэсым къриубыдэу абы лъэкIащ хьэжрэт цIыху минитхум щIигъу къылъыкъуэт ищIын, икIи цIыхухэм зэдащтэу ар я пщы уэлийуэ хахащ. Зэман куэд темыкIыу Беслъэн и къуэшри Уарп псыщхьэ къэIэпхъуэжащ. Абыи зы щIалэ иIэт Адылджэрий и цIэу.

Къетыкъуэ зэкъуэш нэхъыжьхэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжми, я щIалэхэм апхуэдэ зэгурыIуэныгъэрэ Iыхьлыгъэ-IэфIыгъэрэ яку дэлъакъым. Адылджэрий и адэ къуэшым и къуэ Аслъэнджэрий хуэдэу, и лIыгъэкIэ хэгъуэгум и цIэ щыIуауэ, акъыл жан, хьилагъэ къызэрымыкIуэ иIакъым. Ауэ узыдригъэхьэхыу щэн-хьэлыфIэт, цIыхухэм пщIэ къыхуащIт, фIыуэ къалъагъут, а псом я щхьэжу, узыфIэмыкIыжыну щIалэ дахэт.

А лъэхъэнэм адыгэщIым и дэнэ лъэныкъуэкIи и хъыбар щыIуат беслъэней лIакъуэм я пщы уэлий Къанокъуэ Етэч и шыпхъу тхьэIухудым - Гуащэхужь. Зауэ гуащIэр екIуэкIми, къызэтемыувыIэу пщащэм псэлъыхъу щауэхэр хузэблэкIхэт.

Къетыкъуэ зэкъуэшхэм Къанокъуэ гуащэм и хъыбарыр къащынэсым, ахэри псэлъыхъухэм къахэхъуащ. Гуащэхужь зэкъуэшхэм «хьэуэ» пыухыкIауэ къажриIэтэкъым, ауэ икIи зыщигъэгугъыщэтэкъым. Апхуэдэу гуащэм игу нэхъ зыхуэгъэзар наIуэ ящIауэ щымыт пэтми, пщыхьэщхьэ гуэрым Гуащэхужь Адылджэрий дэкIуасэри, абы и унагъуэ ихьащ.

Армырми щхьэзыфIэфI Аслъэнджэрий аслъэн губжьам хуэдэу абы къытригъэхьауэ, и гур зэгуэтхът. Ар дауэ хъунт, къэбэрдей хьэжрэтхэм я нэхъ лIы пхъашэ Аслъэнджэрий къыхимыхыу, «здагъэтIысам къэмытэдж» и къуэшыр гуащэм къыхихауэ! ЩхьэкIуэм щIым щIихуэ пщы щIалэщIэм Тхьэ иIуащ Гуащэхужь езым къыщылъымысакIэ, нэгъуэщIми лъимыгъэсыну. Апхуэдэуи, пщы Аслъэнджэрий и адэкъуэшым и къуэ Адылджэрий и щхьэгъусэ хъуа Къанокъуэ Гуащэхужь ещакIуэу щIидзащ.

Адылджэрий гъуэгу тетауэ унэм къэкIуэжу Аслъэнджэрий пежьэри, щIалитIыр зэпэуври я фочхэр зэтраунэщIащ. ЗэкъуэшхэрIэгъэ хьэлъэ зэрыщIауэ я унэхэм ирашэлIэжри, я фэбжьхэр зэпцIыжыху заущэхун къахудэхуащ.

Къетыкъуэ Беслъэн Хьэмырзэ и къуэр къэбэрдей хьэжрэтхэм я пщы уэлийуэ ялъытэт. ИкIи, пщIэшхуэ зиIэ лIы Iущ зэпIэзэрытым щхьэкIуэ ин щыхъуащ Къетыкъуэхэ къайхъулIа щIэпхъаджагъэр, икIи лъэкI къимыгъанэу зэкъуэшхэр зэригъэкIужыным иужь итащ. Зэшхэм щIыIэгъэ ягу зэхуилъу щытми, цIыхухэм я пащхьэ къыщамыгъэлъагъуэу Беслъэн псэуху заущэхуащ. Ауэ пщы уэлийр и ахърэт мащэ щекIуэлIэжым, щIалитIым я зэхущIэтIэным щIадзэжащ. Зэкъуэшхэр зэблэмыкI щыхъум, Беслъэн и къуэш, пщы уэлиигъуэр зылъыса Адылджэрий, и адэм и унафэкIэ и унагъуэр къыщIыгъуу, Аслъэнджэрий ирамыгъэцIыхуу Къэбэрдей ЦIыкIум ягъэIэпхъуащ.

Аслъэнджэрий ар къыщищIэм, армырами и акъыл утхъуауэ щытар нэхъри къызэщIэбатэри, и адэкъуэшым еуэри иукIащ. Хьэжрэтхэм куэд яхэтт Адылджэрий и лъэныкъуэр къыдэзыщтэуи, абыхэм гъуанэдэукIыу яукIыным Аслъэнджэрий щышынэри, абазэхэхэм я деж Iэпхъуэжащ».

Тхыдэм, Торнау и тхыгъэхэм къызэрыхэнамкIэ, а лъэхъэнэращ Аслъэнджэрий тIасхъэщIэх урыс офицерыр гъэр къищIыныр и акъылым къыщыушар. Псалъэр къыздикIар ямыщIэжми, Аслъэнджэрий хъыбар къыIэрыхьат Торнау и жыIэр урыс генералхэм хэкI ямыIэу зэрагъэзащIэр, пщэрылъ щэху зиIэ къэхутакIуэм урысхэм уасэфI къыщIатыну зэрыхьэзырыр. Къетыкъуэм и гуращэр абазэпщ Тамбийм ириIуэтылIэри, а тIум зэдащтэу Торнау гугъуехьыншэу гъэр зэращIыну Iэмалыр зэдаубзыхуащ.

Урыс офицер «къэхутакIуэм» къыщIах уасэмкIэ Тамбиймрэ Аслъэнджэрийрэ я Iуэху екIэкIуахэр ирагъэфIэкIуэжыну арат я гупсысэр зыхуэгъэзар. Ауэ абы къыпэкIуэнкIэ хъуну лъыгъажэм я акъыл нэстэкъым. Урыс пащтыхьым и дзэпщхэм я дежкIэ Торнау яфIэкIуэдкIэ хэщIыныгъэшхуэтэкъым, ауэ адыгэ къуажэхэр лъэрыщIыкI ящIыным ар и щхьэусыгъуэ хъарзынэт.

Торнау и хьэлъагъым хуэдиз дыщэ пащтыхьым къыIэщIахыным пщитIыр епщIыхьт...

**ГЪУКIЭКЪУЛ Даут.**

# Хэкур щыгъэфIа усэхэр

**XX, XXI лIэщIыгъуэхэм я зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэм дунейм къыщыхъуа демократие зэхъуэкIыныгъэхэм яжь къыщIихуащ хэхэс адыгэ литературэми. Ар лъэхъэнэщIэ хыхьащ. Ауэ лъэхъэнэ щыIащ Тыркум щыпсэу адыгэхэр я бзэкIэ еджэн дэнэ къэна, я анэдэлъхубзэкIэ уэрамхэм щыпсэлъэну хуит ямыщIу щекIуэкIа. Апхуэдэу щыт пэтми, ди лъэпкъэгъухэм щIэныгъэ зиIэу къахэжэпхъыкIхэм къахэкIырт адыгэбзэкIэ тхэфу, къеджэфу зезыгъэсахэр.**

АБЫХЭМ ящыщ зыщ адыгэ бзылъхугъэ Iущ **ХьэщIэдэгу Нэрмин**. Ар Сивас къалэм къыщалъхуащ. НыбжьыщIэу тхэн щIэзыдзахэм ящыщщ, и тхыгъэхэр куэдрэ къытехуащ Тыркум къыщыдэкIыу щыта «Кавказ» журналым. «Iэлиф и пщIыхьхэр» зыфIища рассказхэр зэрыт тхылъри Анкара къыщыдэкIауэ иIэщ. Нэрмин и усэ зыбжанэ тетащ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым.

ХамэщIым щикъухьа адыгэхэм къайфыкI хэкуншагъэ узыфэр игъэткIун папщIэ къалэмыр къэзыщтахэм ящыщ щхьэкIэ, Нэрмин а гупсысэр зыми емыщхьу къигъэлъэгъуащ:

*Гухэлъ пхузиIэр сэ,*
*Iуащхьэмахуэ,*
*Уи щхьэщыгу тхъуахэм*
*Нэхъ йолъэгэкI.*
*ПщIыхь пхуэзмылъагъуу*
*ДэкIкъым зы жэщи,*
*Си гур дапщэщи*
*Уэ ныпхуоплъэкI.*
*ХамэщI ипхъауэ*
*ЩыIэ уи бынхэм*
*Дэ гугъэ гъуазэу*
*ДиIэр уэращ.*
*Нэхъ лъапIэу дыбжыр*
*Дуней насыпхэм*
*Уи лъапэ дыщIэсыжынырэщ...*
*Узмылъагъужу сылIэмэ,*
*СощIэ, сэ зэтехьэнкъым*
*Си напIэр, Хэку...*

*ХуэлIэу уи куэщIым*
*Сухмэ си гъащIэр,*
*Хыумын си кхъащхьэр*
*Уи ятIэ тIэкIу.*
*Тенджыз Iуфэм сыIутщ -*
*Хым сыхоплъэ.*

Шэч хэлъкъым, ХьэщIэдэгу Нэрмин и адэшхуэ-анэшхуэхэм къаIуэтэж хъыбар Iэджи зэрыщIэдэIуам. ИстамбылакIуэм щыгъуэ нэхъыжьхэм я лъапсэжьым деж къыщащта щIы IэмыщIэ здрахьэжьэрт, жаIэ. А щIы тIэкIур чысэм илъу Тыркум здрахырт, лIа нэужь я кхъащхьэм трагъэкIутэну.

Адыгэ мин бжыгъэ зыхэкIуэда тенджыз ФIыцIэм гущыкI хуащIауэ жаIэркъым хэхэс адыгэ усакIуэхэм. АтIэ, абы хэкIуэдахэм я фэ ираплъу, и гъунэгъу защIмэ, я гур нэхъ псэхуу апхуэдэщ нэхъыбэм я усэхэм къыщаIуатэ гурыгъу-гурыщIэхэр. Абы и щапхъэщ **Шыгъэлыгъуэ Мэжид** итха «Сэ сызыхищIэу хыри мэгыз» усэр.

*Уэрщ си гъащIэр -*
*Гур зихузу пполлъэ.*
*Уэрыншэу сыпсэуну*
*Сэ слъэкIыжкъым -*
*Тенджыз ФIыцIэ Iуфэм*
*Си лъэр схуIухыжкъым.*

Хэкум ираху адыгэхэр зрагъэтIысхьэу щыта кхъухь зэпэгъуанэхэм ятеухуауэ зыри жиIэркъым усакIуэм. Ауэ зы упщIи къоув: сыт лIыхъужьыр тенджыз Iуфэм щIыдишэхыр?

*ЗэтегуплIэжхэу*
*Толъкъунхэр къоущ -*
*Ухыгъэ фIыцIэм*
*Уэрыншэу сефыщI.*
*Хъуащ лъагъуныгъэр*
*Мы си гум из...*
*Сэ сызыхищIэу*
*Хыри мэгыз.*

Усэм и иужьрей сатыритIымкIэ псори гурыIуэгъуэ мэхъуж.

ХамэщIым ис усакIуэхэм хэкужьым хуаIэ гурыщIэ къабзэр хым хуэдэу куущ, къибгъахъуэкIэ ух имыIэу къыпщохъу. ГурыщIэ хуабэкIэ ягъафIэ абыхэм адэжь щIыналъэм и дахагъэр, бгыхэм и уардагъэр, псыежэххэм я даущыр, лъэпкъым къызэпича тхыдэ гъуэгуанэ жыжьэу лIыгъэрэ хахуагъэкIэ гъэнщIар, фIым я нэхъыфIыр зыхуэфащэу къалъытэ хэкужьыр. Абы и лъэныкъуэкIэ хьэлэмэтщ Тыркум щыпсэу **Мерэтыкъуэ Метин** «Си хэку» зыфIища усэр:

*Адэжь щIыналъэм и кIэдахъуэм*
*СыкъыщыкIатэм удз гъэгъауэ,*
*IэфIыгъэм гъащIэр щыз ищIынт,*
*Псэхугъуэр си псэм зыхищIэнт.*

Мы усэм персонажу къыхэувэхэм псэ къаIуигъакIэ къудейкъым, атIэ а и «нэфI зыщыхуахэм» ящыщ зыуэ езыми зыкъилъытэжмэ, ягъэ мыкIыну къелъытэ усакIуэм, псэтыншыгъуэ зыхищIэнкIэ гугъэу.

*Адэжь щIыналъэм и къурш щIагъым*
*Си гъащIэр псыуэ къыщежьатэм,*
*ГуфIэгъуэ защIэу сежэхынт,*
*Къуршыбгъэ лъагэр псым къищынт...*

Мерэтыкъуэ Метин и хъэтIым и фэгъущ **Гъунокъуэ ПыкIэ** и усэхэр зэритхари. «Си хэку», «Пщэдейм фIыкIэ сыщогугъ» зыфIища усэхэм я лирическэ лIыхъужьхэм псэр ятыну хьэзырщ хэкум щыIущIэну зэманыр къагъэсын папщIэ. Кавказым теухуа гупсысэхэр къыщиIуатэкIэ, абы и гур «мэткIу». Хьэзырщ къуалэбзу хъууэ Кавказ къуршхэм лъэтэжыну е лъахэм къыщыкI удз хъууэ щхъуантIагъэу абы хуэщхьэпэну, е адыгэ жылэм дэж псыкIантIэ цIыкIуу ежэхыну. Хэкум щхьэкIэ игъэтIыгъуэ гурыщIэхэм хуэдэ дыдэ усакIуэм къытхуеIуатэ и анэдэлъхубзэм теухуауэ:

*Уи анэ IэфIу*
*Уэ къопсалъэ щыхъукIэ,*
*Уи нэкIущхьэм ба къыхуищIу,*
*Уи тхьэкIумэм къызэриIущащэ*
*Бзэр аращ уи анэдэлъхубзэр.*

УсакIуэ **Тхьэзэплъ Фозий** Тыркум щыIэ Къайсэр куейм хыхьэ Къундэтей адыгэ къуажэм къыщалъхуащ. «Си хэкуси лъахэ» зыфIища усэм эпическэ къару къыхэщу щыжеIэ:

*Иретхъу си щхьэцыр гущIэгъуншэу,*
*Си гъащIэр, хуеймэ, ирекIуэщI.*
*Сыпсэуфынкъым сэ уэрыншэу,*
*Сыхуейкъым лъахэ сэ нэгъуэщI.*
*Сэ жэщи махуи, еш сымыщIэу,*
*Мы щIыгу гъунэншэр щIэсщыкIынщ...*
*Уэ псалъэ дахэу пхуэзгъэфащэр*
*СыпсэухункIэ къэсщыпынщ.*

Хэку-анэм и Iэр гуапэу зи щхьэфэм емыдэхэщIа хэхэсхэм я макъ укъэзыгъэдзыхэм и джэрпэджэж хъуащ жыпIэн хуэдизу, Фозий иIэщ «Адыгэм илъ Iэлыр щожэхыр си лъынтхуэм» усэр. Абы къыщыхьащ мыпхуэдэ сатырхэр:

*И бзийхэм сагъафIэу сесакъым Хэку дыщэм.*
*Хэку-анэм и жьыбгъи нэкIущхьэр къимыст.*
*Зигъэщхъыу хэку-анэр къиплъакъым си гущэм,*
*Бзэрабзэу Хэку-анэр пIэ лъапи темыст.*

Тыркум щыпсэу **Лу Джихьэн** и усэхэм увыпIэ хэха щеубыд Iуащхьэмахуэ и образым. «Iуащхьэмахуэ, сынолъэIу» усэм щыжеIэ:

*Илъэсыбэ хъуауэ*
*ПхуэсIэтауэ си щхьэ,*
*Сомэх -*
*Уи псынэпс*
*Iубыгъуэ зэ къызэт!*

Тыркум щыпсэу **Тхьэгъэзит Рафикъ** дунеягъэр ибгынэну хуейкъым и адэжь Хэкур имылъэгъуауэ, абы и акъужьыр къыщIимыхуауэ, и щхьэр адэжь лъахэм и куэщI иримылъхьауэ:

*Псэр пытыху,*
*Гупсысэ тIэкIу,*
*ГугъапIэ тIэкIу -*
*Гур зыгъэпсэху...*
*Псэр пытыху,*
*Жьэгу пащхьэ Iугъуэ,*
*Зы псы Iубыгъуэ -*
*Гур зыгъэтIыс.*
*Псэр пытыху,*
*Адыгагъ тIэкIу -*
*Гур зыгъэнэху.*
*Псэр щыхэкIым,*
*Зэ Iуплъэжыгъуэ,*
*Хэку жьы Iубыгъуэ.*
*Абы и ужькIэ,*
*Узыншэу ущыт.*

Хэкужьым зэрыщымыпсэум, зэрыхэхэсым ехьэлIауэ гукъеуэу ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я псэм телъыр пщалъэ гуэркIэ къыпхуэIуэтэн?! Дауи, апхуэдэр къызэрабж, къызэралъытэ пщалъэ щIэныгъэм къыхуэгупсысакъым. АрщхьэкIэ, къызэрыщIэкIымкIэ, усакIуэм гурыгъу-гурыщIэр и гъуазэу апхуэдэ пщалъэ къегъуэтыф. Абы ехьэлIауэ Тхьэгъэзитым и «Гупсысэ жагъуэ» усэм щыжеIэ:

*Нэпсыр хэдгъаткIуэм, хэдгъаткIуэурэ,*
*Ди гуауэ фIыцIэр*
*Хы ФIыцIэм из хъуащ.*

Хэхэс адыгэ усакIуэхэм я тхыгъэхэм къызэрыхэщщи, лъэпкъ икъухьар къызэщIэпкъуэжыфынущ псэхэр зэрыбгъащIэмэ, гурыгъу-гурыщIэхэр зэхуэпIуатэмэ, хъуапсапIэхэм зы унэтIыныгъэ ептмэ. Адыгагъэращ, а усакIуэхэр зэреплъымкIэ, нобэ псэр зыхуэлажьэр, ущыпсэу щIыналъэм емылъытауэ.

**БАКЪ Зерэ**,
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.*

# Къалэхэу Гёнен ыкIи Маняс ис черкесхэр игъэкIыныр




**Къалэхэу Гёнен ыкIи Маняс шъольырхэм ащыпсэурэ черкесхэр япсэупIэхэм арагъэкIыныр, хэгъэгу кIоцIым ахэр щызэбгырыщыныр, Тыркуем ишъхьафит зао зыщыкIорэ лъэхьаныр, Кемалистхэм ягъусэу зэуапIэхэм ащызэуагъэу, КъохьапIэ Гъунапкъэм идзэ ипэшагъэу Черкес Этхем Бей зыщаумысыгъэу ыкIи Анкара хабзэр Грекхэм защтекIуагъэр 1922-рэ илъэсым щызерехьылIэх. Империер Лъэпкъ Къэралыгъоу зыщтехьагъэ пIалъэм шынэгъончъагъэр яушъхьагъоу къалэхэу Гёнен, Маняс ыкIи Бандырма шъольырхэм арыт къуаджэхэр 1922-рэм, 1923-рэ илъэсым ыкIэух нэсэ, Черкес къуаджэхэр япсэупIэхэм арагъэкIыгъэх, хэгъэгум и КъокIыпIэ, Якурэ Антолие икъуаджэхэм, ишъольырхэм ахагощагъэх. Илъэс тешIагъэу унашъор зэблахъугъ, гъэгощыныр зэтырагъэуцуагъ, былыми, псэукIи, зытепсэукIыни ямыIэжьэу къэнагъэ Черкесхэр кIочIаджэу хъугъэхэу япсэупIагъэхэм агъэзэжьыгъ. ПсэупIэр Ягъэбгынэн хъугъэ шIагъэр цIыфхэм зэхамыхыгъэм фэдагъ, рыгущыIагъэхэп. Лъэхьаным щыIагъэ Черкес пэрытхэми амакъэ къырагъэкIыным енэгуягъэх. ЫпэкIи ыужкIи фэдэ щымыIагъэу плъытэ хъущт, хымэ чIыгум ар иапэрэ декумент лъэш, Хасэхэу Черкес ЗыкIыныгъэ ыкIи Темыр Кавказ Обществэм икIэщакIохэм ащыщэу тхакIоу Мехмет Фетгери Щеоню Тыркуеми и Парламент фигъахьыгъэ джэпсалъэр.**

ФЕТГЕРИ, цIыф жъугъэхэр хъурэмшIэрэм щигъэгъон, ахэр икъотэгъоу Черкесхэм япсэупIэхэр зэрарагъэбгынэрэ унашъор зэчIахьажьын пай джэпсалъэр зыкIитхыгъэр. «Черкес Iофыгъом ЕхьылIагъэу Тырку Лъэпкъым ыкIи Тыркуем и Мэджлис ФакIоу» зыфиIогъэ тхыгъитIу зэкIэлъыкIоу (ШышъхьаIум 1923-рэ, ШэкIогъум 1923-рэ) лъэпкъ Парламентым и Депутат пэпчь афаригъэхьыгъ, Ф. Щеоню, хэгъэгу кIоцIым цIыфхэр щызэбгырыщыныр зытырашIахьырэр зырыз, зырызэу джэпсалъэм ритхагъ, цIыфхэр япсэупIэхэм арыгъэкIыныр зыкIщагъэзыен фаери зэхэгуфыкIыгъэу ыгъэнэфагъ. Джэпсалъэр щэч хэмылъэу зэрэтэрэзыр, Лъэпкъ Къэралыгъо ГъэпсыкIэм пэуцурэ заом Черкесхэм ащыщ куп цIыкIухэр зэрахэтыр, ахэр ящыIэныгъэ тещынахьхэзэ щынагъоу IэкIыбым къэкIын лъэкIыщтым зэренэгуехэрэм фэшI егъэзыгъэкIэ ар къыхахын фае зэрэхъугъэхэр шъхьаихыгъэу ритхыгъэх.

Ау, джэпсалъэм нахь шъхьаIэу щыпхырыщыгъэр, псэупIэр ягъэбгынэныр зэтырагъэуцон, ащ дакIоу, зикIуачIэ непэрэ мафэми хъушIэрэ асимилайияри зэтеуцоныр ары.

Джэпсалъэм илъэсыбэ тешIагъэу, лъэпкъ шIэныгъэлэжь тхакIоу Чушъхьа Иззэт Айдемыр, къалэхэу Гёнен ыкIи Маняс шъолъырхэм арысхэр япсэупIэхэм арыгъэкIынхэм Мехмет Фетгери Щеоню иджэпсалъитIу къапкъырыкIызэ къазщытегущыIэрэ итхыгъэ журналэу «Нарт» къыхеуты ыкIи Черкес лъэпкъыр хъугъэ шIагъэм щыгъозагъэ мэхъу.

Айдемыр, ащ имызакъоу, псэупIэхэр ягъэбгынэным пэуцугъэу Ф. Щеоню ышъхьа къырыкIуагъэми шъхьаихыгъэу иугъу къыщешIы итхыгъэ.

Чушъхьа Иззэт зэритхырэмкIэ, Мехмет Фетгери Щеоню щэIэфэкIэ тхы мыхъунэу, итхыгъэ къыхимыутынэу пшъэдэкIыжь тыралъхьагъагъ, ыкIи ащ бэ темышIэу игъонэмысэу идунае ыхъожьыгъ. Айдемыр Иззэт Гёнен ыкIи Маняс щыпсэухэрэм гущыIэгъу афэхъугъ ахэм къаIуагъэхэр ары къытхыгъэхэр.

Гёнен ыкIи Маняс япсэупIэхэр ягъэбгынэныр, Империем ихабзэ шапхьэ гъэуцухэм къафщанагъэ стратегиямкIэ зауплъэкIужьынэу амал къаритыгъ хэбзэ зехьахэм.

Ар къазэрэдэхъугъэм, чIыпIэрыс лъэпкъыр ипсэупIэ рагъэкIын, ежьхэм къыхахырэ чIыпIэхэм арагуащэхэзэ рабгъэуцолIэныр ыкIи мызэу мытIоу ар хабзэ гъэпсакIохэм щэч хэмылъэу агъэцэкIэныр, Дерсим ащ фэдэу щагъэцэкIэщт Iофыгъохэм пэшIорыгъэшIэу икъежьапIэу хъущт. ОеплъынкIэ мышъомбгъо дэдэп къалэхэу Гёнен ыкIи Маняс псэупIэ ягъэбгынэныр, ау ащ Черкесхэм яшIэжь хэмыкIокIэрэ 1864-рэ илъэсэу и Хэку Егъэбгынэн тхамыкIагъор егъэкIэжьы ыкIи Черкесхэм кIуачIэ зыхагъотэжьыныщ, амакъэ къамыIэт ыпэу ахэр цIыцIыгъэным тегъэпсахьыгъ.

ЦIыфхэм япсэупIэхэр ябгъэбгынэныр лъэпкъыр егъэцолIэн политикэм изыIахъ, ипкъэу.

Нахь тэрэзэу къэпIон хъумэ, ипсэупIэ ебгъэбгынэныр лъэпкъым ышъхьа къымыIэтыжьын фэшI унэшъо тегъэпсахьыгъ. Къалэхэу Гёнен ыкIи Маняс псэупIэ егъэбгынэныр, ащ Щыпсэурэ ЧеркесхэмкIэ ялъэпкъыцIэ (личность) зырагъэужьыжьыныр зэтезгъэуцорэ «Хэку игъэкIыным» илажьэ, иуз зыгъэкIэжьырэ шъобжь хьылъ.



Тыркуе Республикэм ис Черкесхэм ащыщхэм, къэралыгъо Iэшъхьатетхэм зэрафэшъыпкъэхэр ашIошъ агъэхъун фэшI зыщыщ лъэпкъыр аушъэфын, лIэкъо цIыкIоу зыкъыгъэлъэгъон фаеу хъугъэ, е цIыф хэхыгъэхэм загуагъэуцом ашIоигъоу ахэм язекIуакIэ задрагъэаштэзэ апсэ аухъумагъ.

Апэрэ ищыгъор 1922-рэ илъэсым Тыгъэгъазэ мазэр ары зытефагъэр. 1923-рэм икIэхэм анэсэ къоджэ 13-р цукухэмкIэ жандармэхэр абгъутэу Анатолие икъоджэ заулэмэ ащыгъэх адагощагъэх. Къоджэ 30-р ащ ыуж дащынэу агъэхьазырыгъагъ, ау нэужым ар зэтырагъэуцуагъ. Апэу къаунэкIыгъэр Мюриветлер зыфиIорэ чылэр ары. 1922-рэм и Тыгъэгъэзэ мазэ Мюриветлер дащыгъэ купхэр Тыркуем и къокIыпIэ ит шъолъырхэм арагъэIыстагъэхэу макъэ къарагъэIу. Чылэ дэсхэм амакъэ къырамгъэкIэу еуцуалIэх. Ащ къыкIэлъэкIо жъоныгъуакIэм и 28-рэ, мэкъуогъум и 21-рэм чылэ 13-р къаунэкIын унашъор. Мэфэ плIырыплI щырыщ азфагоу къалэу Гёнен хахьэрэ къоджитф, Маняс хахьэрэ къоджий къаунэкIыщ, цIыфхэр егъэзыгъэкIэ ращых. Мыр шэкIогъум нэсэ аухын фаеу щыт. ЯтIонэрэу къаунэкIыгъэ къоджэ 30-м адэсхэри гъогу тыращэх. ЗипсэупIэхэр зэрагъэбгынагъэ апэрэ унагъохэр къалэхэу Кайсери, Сивас, Малатя, Нигде ыкIи Ван яшъолъырхэм арагощэнхэр ары унашъоу щыIэр. ИтIанэ унагъохэр а къалэхэм яхьаблэхэм е псэупIэхэм арагъэIыстэх.

Илъэс нэуж зипсэупIэхэр зэрагъэбгынагъэхэр еуцолIагъэу «Iасэ» хъугъэхэу аIуи икIэрыкIэу япсэупIэхэм кIожьынэу фит ашIыгъэх.

Хэгъэгу кIоцIым щызабгыращыным апэрэу Черкесхэр «гъэсагъэу» загъэпсынэу ыкIи Тыркоу залъытэжьынэу егъэуцолIэнхэр игухэлъ шъхьаI.

Ятэжъ пIашъэхэм ячIыгу егъэзыгъэкIэ зэрырагъэбгынагъэм илыуз джыри хэмыжъукIыгъэу, 1864-рэ илъэсым илъэуж хьылъэ джыри хэмыкIокIэжьызэ Черкес лъэпкъыр хэбзакIэм иунашъохэм ямыуцуалIэм къыздихьыщтэу къаригъэлъэгъугъэр: икIэрыкIэу хэку уимыIэжьэу псэукIэ ыкIи стигматизацион!

**Дэлэжьагъэр Эйлем Акдениз Гёкер.**
**Адыгабзэм езгъэкIугъэр**
**МЭФШIУКЪО Щенгюл.**

# ХьэкIувхэр псэ быдэт

**Куэдым къалъытэ Кавказ зауэр 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м иухауэ. Ауэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа адыгэхэм яхэтащ я щIыгу къихьахэм зэман кIыхьым къриубыдэу къеныкъуэкъуа, уеблэмэ XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм нэсыху Урысей къэралыгъуэжьым щыщу зыкъэзымылъыта, унагъуэ-унагъуэкIэрэ бгыхэм зыдэзыгуэша гуп щхьэхуэхэр. ХьэкIувхэрщ зи гугъу тщIыр (кIахэ адыгэхэм «хьэкIуцу», урысхэм «хакучи» жаIэрт). Ахэр шапсыгъхэу къалъытэрт, зэрыпсалъэу щытари абыхэм я бзэрщ, тIэкIу зэхъуэкIа хуэдэу къыпщыхъункIэ хъунуми.**

1864 ГЪЭМ Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъауэ къалъытами, урысыдзэр иджыри 1865 - 1866 гъэхэми зи щхьэхуитыныгъэм къахутемыкI, хы ФIыцIэ Iуфэмкlэ укъыщеплъмэ, Шахэрэ Ашэрэ я зэхуаку дэлъ мэз гуэрэн Iувыжьхэм къафIыщIэна адыгэхэм теуэ зыбжанэ иращIылIауэ щытащ. Къэдгъэлъагъуэмэ, ПсыфIыпс (Псезуапсе) и псыхъуащхьэхэм, ХьэкIувыпс (ХьэкIуцыпс, Хакучипсе), Хьэджыкъуэ (Ходжоко, Хаджико), Тэчей (Татай), Кхъуэпс (Копсе), Енэбэплъ (тхьэрыкъуэф теплъэ иIэу а щIыпIэм къыщыкI къэкIыгъэ плъыжьым зэреджэ «енэб» псалъэм къытехъукIащ) псы бгъунжхэм къагъэщIа къуэладжэ дыхьэнейхэмрэ абыхэм я щхьэжкIэ узыщрихьэлIэ щIыпIэ дэгу пхыплъыгъуейхэмрэ зэпэщIэувэныгъэ гуащIэхэр щекIуэкIащ.

Адыгэ-абазэ-убых лъэпкъ зэрыбыным я нэхъыбапIэм лъапсэрыхыр къащыхуэкIуэм, алъандэрэ нэхъ лъэныкъуэ егъэзарэ хэгъэгу щхьэхуэу псэуа хьэкIувхэми гузэвэгъуэ иныр къакIэщIэзэрыхьащ икIи 1864 - 1866 илъэс зытIущым къриубыдэу, абыхэм ящыщ куэдыр зэрыса щIыналъэм ирашащ. АрщхьэкIэ, нэхъ ерыщ дыдэхэм, зыщагъэбыдар зэрыщIэпщытыкIыгъуейм къыхэкIкIэ, яхузэфIэкIащ пащтыхьыдзэхэм къращIылIа теуэхэм зрамыгъэхьу, фIыщэу ялъагъу я хэкум къафIинэн. Тыркум ягъэIэпхъуэным и мызакъуэу, абыхэм ядакъым урысхэм къыхуагъэлъагъуэу жаIа Псыжьрэ Лабэрэ я псыпцIалъэ Iуфэхэми IутIысхьэн.

Апхуэдэу щыхъум, зэрыпхъуакIуэхэм, нэгъуэщI зыри къахуэмынэжу къалъытэри, я дзэ пакIэу зэхашахэмкIэ хэкупсэ жыIэмыдаIуэхэм аргуэрыжьу ятеуащ. Абы щыгъуэми пащтыхьыдзэм къигъэсэбэпар Iэмалыжьу зэсагъэжьхэрщ: къуажэхэр игъэсэхэжыныр, гъавэ хьэсэхэр зэхэутэныр, ерыскъы гъэтIылъыгъэхэр зэтегъэсхьэныр, нэгъуэщIхэри.

1864 гъэм шыщхьэуIум и 18-м къытезыгъэзэж теуэхэм я зэхэублакIуэ генерал-майор Гейман Кубань областыр зи хэщIапIэу къэзылъытэжа пащтыхьыдзэхэм я Iэтащхьэм мыпхуэдэу хуитхауэ щытащ: «ХьэкIувхэр зэи лъэпкъ щхьэхуэу щытакъым. Абазэхэхэм, шапсыгъхэм къиищынэмыщIа, абыхэм куэду яхэтщ бгыхэм зи щхьэ изыхьэжа ди къэзакъхэмрэ сэлэтхэмрэ. Лъэпкъ зэщымыщу зэхэухуэна хьэкIувхэм зыщагъэбыдащ ПсыфIыпс хэлъадэ псыежэххэр къыщежьэ жьанэхэм, абыхэм я лъабжьэкIэ щыIэ джабэщI задэхэм пхыгъэмба бгъуэнщIагъэхэм, мэзхэм щIауфэжа къуэнэфхэм, къуацэ-чыцэхэм къахэмыщ мывэ духэм».

Тхыдэр ипэжыпIэкIэ щыхьэт зытехъуэр аращи, щхьэхуитыныгъэр фIыщэу зылъагъу бгырыс хъыжьэхэм а лъэхъэнэм яхузэфIэкIащ зыми щымыгугъ икIи пымыщIа, я щхьэм щыхуитыж гъащIэ щхьэхуэ мэз абрагъуэхэмрэ къурш дурэшхэмрэ щаухуэну. Ар хуэбгъадэ хъунущ «цIыху цIыкIур» здынэмыплъыс бгыщхьэ аранэхэм къуршыбгъэхэм абгъуэ зэрыщаухуэм.

Къыпагъэзурэ, бгым кърахухыу Тыркум ираша я лъахэгъухэм я пIэкIэ, куэд дыди дамыгъэкIыу, хьэкIувхэм къахыхьащ адрей адыгэ-абазэ-убых лIакъуэхэм къахэкIа, щалъхуа щIыналъэм икIыну хуэмей хэкупсэхэр.

ЯпэщIыкIэ, бысымхэр «хьэщIэхэм» тIэкIуи яхуэщтэIэщтаблэрэ дзыхьи хуамыщIыщэу щытами, Iэмалыншагъэм зэришэлIахэр, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зы Iэмыщ-Iэрамэу зэрыубыдыжащ. Къахыхьахэм я ныкъуэр хьэкIувхэм яхэзэрыхьыжащ, мыдрейхэм а щIыпIэм къегъэщIылIа Ашэ, Шахэ и псыхъуащхьэхэм щыпэрыхьэт къинэмыщI къуэнэф-къуэдэгухэм зэдагуэшащ.

Кавказ зауэр иухауэ щагъэIуа 1864 гъэм и накъыгъэ мазэм иужькIи, апхуэдэ щIыкIэм тету зэхэджэжа хъуат хэкупсэ нэсхэм я лъахэу къалъытэу хуежьа хьэкIув хэгъэгу цIыкIум щызэрихьэлIэжахэр. Арати, бгырыс щхьэхуитхэм, Кавказыр Ищхъэрэрэ Ипщэу «зыгуэш» къурш тхыцIэ екIуэкIым къыщыщIэдзауэ, хы ФIыцIэмкIэ езыгъэзых псыкъуэпсхэр зыдэт къуэладжэ дыхьэнейхэм жылагъуэ щхьэхуит къыщызэрагъэпэщыжащ. Абы и курыхыр ХьэкIувыпс ПсыфIыпс щыхэхуэжырат.

ЯпэщIыкIэ, генерал-майор Гейман хьэкIувхэм фIырыфIкIэ ягурыIуэну и гугъащ. Абы къыхэкIыуи, бгым зыщызыгъэбыдахэм убыххэмрэ шапсыгъхэмрэ ящыщу пщIэшхуэ зыхуащI тхьэмадэ зыбжанэ яхуиIуэхуащ. АрщхьэкIэ, хьэкIувхэр урысхэм къыхуагъэкIуа лIыкIуэхэм я жыIэ едэIуакъым икIи еувэлIакъым. Апхуэдэу щыхъум, зэрытIысхьа абгъуэм кърашын папщIэ, пащтыхь дзэзешэхэм абыхэм ираутIыпщащ кIуэрыкIуэм тету гъуэгу бгъузэ кусэхэр мэзхэм щыпхызыупщIыкI, бгылъэ-мэзылъэхэм лъэныкъуищкIэ къакIуэцIрыкI дзэ пакIэхэр.

Езы урысхэми зэрыжаIауэ, дапхуэдизу ахэр а гъуэгуанэм гугъу щемыхьами, бгырысхэр гуащIэу къапэувами, «хьэщхьэрыIуэ» теуэм хэтахэм яхузэфIэкIащ къудамищу бгым драшея дзэхэр щхьэхуитыныгъэм щIэзэу хьэкIувхэм я абгъуэм ирашэн.

АрщхьэкIэ, телъыджэр аращи, абыи къигъэсабыракъым хэкупсэ нэсхэр. Ахэр зэбгрыкIри, мэз Iувыжьхэм хэкIуэсэжащ. ЯкIэлъыпхъэрыну темыгушхуа пащтыхь зауэлIхэр къикIуэтыжри, щIыпIэ ягъэнэхуахэм деж къэрэгъул щхьэхуэхэр щагъэуващ. ИкIи абыхэм зауэ Iуэхухэр, къыкIэлъыкIуэ мазищым къриубыдэу, пIалъэкIэ ягъэбэяуащ.

АрщхьэкIэ, жэпуэгъуэр къызэрихьэу, генерал-майор Гейман и къыкIэлъыкIуэ теуэр иублащ. Аргуэрыжьти, гъуэгу мыгъуэ техьэжа урысхэм хьэкIувхэм тIысыпIэ ящIыжа къуажэ цIыкIу зыбжанэр ирагъэсэхэжащ, зэрахабзэуи, я ерыскъы гъэтIылъыгъэхэр Iисраф зэтращIащ. Ауэ, нэхъ гъэщIэгъуэныжыр аращи, апхуэдиз хьэкIэкхъуэкIагъэ къытрагъэзэжурэ зыкIэлъызэрахьа хьэкIувхэм затын Iуэху итIани зэрахуакъым. Абы ипIэкIэ, абыхэм бийм и топышэхэр къащылъэмыIэсыну къалъытэ къуэнэф нэхъ дэгужхэм зыщагъэпщкIуащ.

«Лъэхъэнэ кIыхь къызэщIэзыубыда кавказ зауэжьым сызыщрихьэлIа зэрызехьэ псоми мы иужьрей зекIуэм нэхъ хьэлъэрэ мыхьэнэ гуэри зимыIэрэ яхэтауэ къысхуэщIэжыркъым, - зыщиумысыжащ и тхыгъэхэм ящыщ зым Гейман. - Сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым, кавказыщIыр къэзэуным хуэгъэзауэ урысыдзэр нэхъ гугъу дыдэ езыгъэхьа Iуэхухэм ящыщу хьэкIувхэм ядедгъэкIуэкIа теуэхэр ди тхыдэм къызэрыхэнэнум!»...

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**





*Фи пащхьэ итлъхьэ уситIыр зи IэдакъэщIэкIыр Мыз Радик Борис и къуэрщ. Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ, и IэщIагъэкIэ агрономщ. Радик ящыщкъым лъэпкъ Iуэхум, республикэм, къэралым щекIуэкIхэм хуэдэгу-хуэнэфхэм. Ирогушхуэ адыгэм и блэкIам, дяпэ ита лIыхъужьхэм, иропIейтей ди нобэм, ди щIэблэм я пщэдейм. Радик усакIуэу зыкъилъытэжыркъым, ауэ и гум, и псэм щыщIэр тхылъымпIэм иритхэмэ нэхъ фIэкъабылщ. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ абыхэм ящыщ зы.*

## Иужьрей лIыхъужь

*Къэбэрдейм и иужьрей*
*пщы уэлий Жанхъуэт*
*Кушыку и къуэ Жамбот и фэеплъу*

**Уей, зэман бзаджэу блэкIа,**
**Гъуэжькуийуэ илъэта,**
**Адыгэ лъэпкъыр щагъэгулэза,**
**ГъащIэм и щIыб къыщигъэза,**
**ЛIыгъэр куэду щагъэунэхуа,**
**Псэхэр емыблэжу зыщIата.**
**Джэрпэджэжу гъэхэр къытподжэ -**
**Тхылъыжь напэу дыкъоджэ.**
**Мэжаджэ Iыхьэ зымышхыжахэм**
**Ахърэтым я псэр щотхьэджэ.**
**Уахътыншэхэм къахоIукI зы псэ -**
**Псыгуэныпс ефауэ зы купсэ.**
**Пщыгъэм и щхьэр имыгъэузт,**
**Нэхъ къеузыр уэркъ узт.**
**Псалъэ итамэ шабзэшэт,**
**КIакхъур щIичамэ,**
**Бийр иригъэпсыхт.**
**Лъэпкъым бащэу хуэгумэщIт,**
**Хэкужьырт щIихъумэр и гуащIэ.**
**Бэракъ фIыцIэр къыщызэфIащIэм**
**Саур къамэр щигъабзэт.**
**Нэжэсу ерухэм**
**Я тхьэкIумэр яхурибзэт.**
**Бийм хьэгъэщагъэр къыхуоуш:**
**ЛIыхъужьыр укIыпIэ ирашэ.**
**Фочищэ зэуэ къызэдоуэ:**
**ЛIым и бгъэгум къытохуэ.**
**Уей, ЛIыхъужьэр иращIыкI,**
**Къудамэ закъуэр пощIыкI.**
**Епсыхыжащ имыгъуэу шу закъуэ -**
**Къуэ пэжу зы АдыгэлI.**
**ЛIыхъужь и лIыгъэ мыкIуэд,**
**ЛIыхъужь и цIэ мыкIуэд!**

МЫЗ Радик.



## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизион***

*ЩэщIрэ етIуанэ джэгугъуэ*
**«Спартак-Налшык» - «Ротор-2» (Волгоград)**
**Налшык. «Спартак» стадион.**
*Накъыгъэм и 22.*
*Сыхьэт 15-м*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894

Тираж 2.041

Заказ №1016